ÓZBEKÍSTAN RESPUBLÍKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BÍLÍM MÍNÍSTÍRLÍGÍ

**BERDAQ ATINDAG`I QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**

Qol jazba huqiqinda

**UDK: 657.21**

**Reimnazarov  Naurızbay Keńesbay Ulınıń**

# «KÁRXANALARDA DÁWİR QÁREJETLERİ ESABÍ, AUDİTİ HÁM ANALİZİN ShÓLKEMLESTİRİWDİ JETİLİSTRİW JOLLARÍ »

5A230901- Buxgalteriyaliq esap

**Magistr**

akademiyaliq dárejesin aliw ushin jazilġan

dissertatsiya

Ílimiy basshi:
___________ prof. R. Dusmuratov
Másláhátshi :
___________ dos. K. Ísmaylov

Magistratura bólim basliġi:
___________ dos. A. Gulimov
«Buxgalteriyaliq esap hám audit»
kafedra basliġi:
___________ dos. S. Bayjanov

## MAZMUNÍ


| | | |
|---|---|---|
| | **KİRİSİW** | 3 |
| **I BAP.** | **DÁWİR QÁREJETLERİNİŃ EKONOMİKALÍQ MAZMUNÍ, ESABÍNÍŃ ShÓLKEMLESTİRİW HÁM NORMATİVLİK TİYKARLARÍ** | 12 |
| **1.1.** | Dáwir qárejetleriniń ekonomikalıq mazmunı hám esaptı shólkemlestiriwdiń wazıypaları | 12 |
| **1.2.** | Dáwir qárejetleri esabınıń házirgi jaġdayı | 17 |
| **II BAP.** | **DÁWİR QÁREJETLERİ ESABÍN ShÓLKEMLESTİRİW HÁM ONÍ JETİLİSTİRİW** | 23 |
| **2.1.** | Realizatsiyaġa baylanıslı qárejetler esabın shólkemlestiriw | 23 |
| **2.2.** | Administrativlik – basqarıw qárejetleri esabı | 37 |
| **2.3.** | Basqa operatsiyalıq qárejetler esabın shólkemlestiriw, olardı jaqsılaw jolları | 40 |
| **III BAP.** | **DÁWİR QÁREJETLERİ AUDİTİNİŃ SHÓLKEMLESTİRİWSHILİK HÁM METODİKALÍQ TÁREPLERİ , OLARDÍ JETİLİSTİRİW** | 47 |
| **3.1.** | Dáwir qárejetleri auditin shólkemlestiriw hám rejelestiriw | 47 |
| **3.2.** | Dáwir qárejetleri auditiniń metodların qáliplestiriw | 51 |
| **3.3** | Dáwir qárejetleri analizin shólkemlestiriw hám onı jaqsılaw jolları | 56 |
| **JUWMAQLAW** | | 61 |
| **PAYDALANÍLĠAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI** | | 65 |
| **QOSÍMSHALAR** | | 71 |

## KİRİSİW

**Magistrliq dissertatsiya temasınıń tiykarlanǵanlıǵı hám onıń aktuallıǵı.** Rawajlanıwımızdıń jańa basqıshı bolǵan 2017-jılda ámelge asırılǵan tiykarǵı jumıslardıń juwmaǵı hám Ózbekistan Respublikasın 2018-jılda sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń eń áhmiyetli baǵdarlarına baǵıshlanǵan Múrájáátinde bılay egen edi «Eń áhmiyetlisi, elimizdiń ekonomikalıq siyasatında real emes sanlardıń izinen quwıw, ámelge aspaytuǵın qam qıyallardı haqıyqat sıpatında usınıwday namaqul jumıs usılı sın kóz-qarastan qayta kórip shıǵıldı. Ámeliy nátiyjelilik, insan mápi hám jáne bir ret insan mápi reformalardıń bas maqseti etip belgilendi.

Áne, sol tiykarda ámelge asırılǵan ilajlar nátiyjesinde 2017-jılı turaqlı ekonomikalıq ósiw pátleri 5,5 protsentti quradı, eksport kólemi derlik 15 protsentke kóbeydi. Sırtqı sawda aylanısınıń unamlı saldosı 854 million dollarǵa jetti.»[1]

Respublikamız Prezidentiniń múrájáattinde atap ótilgen sotsial-ekonomikalıq nátiyjeler hám keleshektegi orınlanıwı durıs bolǵan bir qansha máselelerdi ashıp berdi.

Aldıǵa qoyılǵan úlken nátiyjelerge erisiwdi támiynlew ushın eń aldı menen xojalıq júrgiziiwshi subektlerdiń ekonomikalıq potentsialın kóteriw kerek boladı.

Bunıń ushın básekini támiynlew óndiris nátiyjeliligin asırıw menen bir qatarda kárxana iskerliginiń finanslıq nátiyjelerin tuwrı qáliplestiriw, kárxanada turaqlı rawajlanıw starategiyasın aldınnan belgilep alıwına hár tárepleme baylanıslı. Bunıń ushın finanslıq nátiyjelerdi qáliplestiriw esabı, auditi hám analizi jumısların turaqlı jetilistirip barıwı kerek.

Prezidentimiz Sh. Mirziyoevtiń 2017-2021 jıllarǵa baǵıshlanǵan Ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń «**Háreketler strategiyası**»nda[2] bes baslı baǵdarınıń biri ekonomika salasın boyınsha ayrıqsha III bólim

[1] «Қорақалпоғистон Тонги» газетаси, 1-январь 2018 йил №1-2 (1270-1271) сони
[2] Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 7-февралдағы ПФ-4947-санлы пәрманы, «Халқ сўзи» газетасының 2017-жыл 8- февраль 28 (6722)-саны.

«**Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıw**» dep atalġan bolıp, onda 3.2-bóliminde «Quramlıq ózgerislerdi tereńlestiriw, milliy ekornomikanıńjetekshi tarmaqların modernizatsiya hám diversifikatsiya qılıw esabınan onıń básekige shıdamlılıġın asırıw», dep atalġan. Onda keyingi bes jılda bir qansha wazıypalar belgilep berilgen:

Óndiristi modernizatsiya qılıw, texnika hám texnologiyalıq jaqtan jańalaw, óndiris, transport-kommunikatsiya hám sotsiallıq infrastruktura joybarların ámelge asırıwġa qaratılġan aktiv investitsiya siyasatın alıp barıw;

Sanaattı joqarı texnologiyalı qayta islew salaların, eń aldı menen, jergilikli shiyki zat resursların tereń qayta islew tiykarında joqarı qosımsha qunlı tayar ónim islep shıġarıw boyınsha jedel rawajlandırıwġa qaratılġan sapa jaġınan jańa basqıshqa ótkeriw arqalı jáne de modernizatsiya hám diversifikatsiya qılıw; h.t.b. máselelerdi qamtıġan.

Usı kóz qarastan, ekonomikanı erkinlestiriw sharayatında xojalıq ju`rgiziwshi sub`ektler finanslıq nátiyjelerin qáliplestiriw, olardı audit tekseriwinen ótkeriw hám analiz qılıw, onı jetilistirip barıw máseleleri oġada aktual sanaladı. Bul aktual máselelerdi u`yreniw ushın biz maigistrlıq dissertatsiyası teması sıpatında «Kárxanalarda dáwir qárejetleri esabı, auditi hám analizin shólkemlestiriwdi jetilistiriw jolları» degen temanı tańlap alġan edik.

Xojalıq júrgiziwshi subektlerde qárejetlerdi tuwrı hám maqsetli shólkemlestiriw hám de esabın anıq júritiw finanslıq turaqlılıqqa erisiwdiń baslanġısh buwını ekenligin atap ótken halda dáwir qárejetleri bunda áhmiyetli orın tutatuġınlıġın atap ótiw zárúr.

Xojalıq júrgiziwshi subektlerdiń iskerlik túrlerine qaramastan hár birinde dáwir qárejetleri ámelge asırıladı hám bul qárejetler ulıwma tárizde jıynaladı hám finanslıq nátiyje esabınan qaplanadı. Lekin, bunday tártip hár bir bólim boyınsha sarıplanġan dáwir qárejetleriniń salmaġın anıqlaw imkanın anıqlawdan jıraqta bolıp, xojalıq bólimlerinde júzege kelgen dáwir qárejetleri ústinen bolatuġın qadaġalawdı ázziletedi, kárxananıń dáwir aqırındaġı ulıwmalıq iskerlik nátiyjesine unamsız tásir boladı. Xojalıqta payda muġdarın arttırıw bolsa

ámelge asırılıp atırġan dáwir qárejetlerin qadaġalaw imkanın beriwshi esap protsesin jetilistiriw zárúr.

Joqarıda aytıp ótilgen máseleler búgingi kúnde aktual sanaladı, bunıń menen xojalıqlarda dáwir qárejetleri esabı boyınsha qadaġalaw kúsheyedi hám finanslıq nátiyjelilik joqarılaydı.

**Izertlew ob`ekti hám predmeti.** Magistrlik dissertatsiyası izertlew ótkiziw ushın obekt sıpatında Qaraqalpaqstan respublikasında iskerlik alıp barıp atırġan «Xalqabat paxta tazalaw» Aktsionerlik jámiyeti alındı.

Temanıń predmeti sıpatında xojalıq júrgiziwshi subektiń dáwir qárejetleri esabı, auditi hám analizi menen baylanıslı teoriyalıq, metodikalıq hám ámeliy maseleler kompleksi izertlew jumısınıń predmeti esaplanadı.

**Izertlew jumisiniń maqseti ham waziypalari.** İzetlewdiń maqseti dáwir kárejetleri esabı, auditi hám analiizn milliy standartlar tiykarında shólkemlestiriliwn úyreniw, olardıń usılların jetilistiriw boyınsha ilimiy usınıs hám de ámeliy másláhátler islep shıġıwdan ibarat.

Usı maqsetke erisiw ushın ilimiy jumısta tómendegi wazıypalar belgilep alındı:

- dáwir qárejetleri esabın shólkemlestiriwdiń huqıqıy –normativlik tiykarları, metodikalıq támiynatı hám ámeliyatınıń házirgi jaġdayın bahalaw;
- dáwir qárejetleriniń analitikalıq hám sintetikalıq esabın shólkemlestiriw boyınsha ámeliy másláhátler islep shıġıw;
- dáwir qárejetleri auditin shólkemlestiriw hám rejelestiriw boyınsha usınıslar islep shıġıw;
- dáwir qárejetlerin auditorlıq tekshiriwden ótkeriw ámelleri hám algoritmin islep shıġıw;
- dáwir qárejetlerin analiz qılıw hám olardı páseyttiriw imkanların anıqlaw.

**Ilimiy jańaliġi:** Dissertatsiyaniń ilimiy jańaliġin qurawshi tiykarġi juwmaqlar tómendegilerden ibarat:

- dáwir qárejetleri esabın shólkemlestiriyadiń huqıqıy-normativlik tiykarları, metodikalıq támiynatı hám ámeliyatı bahalanadı;
- dáwir qárejetleriniń analitikalıq hám sintetikalıq esabın jetilistiriw boyınsha ámeliy usınıslar beriledi;
- dáwir qárejetler auditin shólkemlestiriw, rejelestiriw hám ótkeriwdi jaqsılaw boyınsha usınıslar islep shıġıladı;
- dáwir qárejetlerin analizlew hám olardı azaytıw imkaniyatları anıqlanadı.

**Izertlewdiń tiykarġi máseleleri hám gipotezasi:** Dáwir qárejetleri, olardiń esabi, auditi hám analizi máselelerin metodikaliq jaqtan u`yreniw ilimiy izertlew jumisiniń tiykarġi máselesi sanaladi. Ízertlew jumisiniń gipotezasi bolip dáwir qárejetleri esabi, auditi hám analizi boyinsha bar bolġan metodlardi hám normativlik tiykarlardi sintezlegen halda sistemali tu`rde jańasha ilimiy jantasiwlardi hám usillardi qáliplestiriwden ibarat.

**Izertlew jumisi boyinsha ádebiyatlarġa sholiw.** Dáwir qárejetleri esabi, auditi hám analizi metodikalarin jaqsilaw boyinsha respublikamizdiń alimlarinan A. V. Vahobov[1], Í.T. Abdukarimov[2], Í.K. Ochilov[3], R.D. Dwsmuratov[4], A.K. Íbragimov, Í.K. Íminov, F.M. Mullajonov, Sh. Xaydarov[5], T.M. Qoraliev, M.Q. Pardaev[6], A.A.Karimov[7], Sh. N. Fayziev[8], T. Sh. Shoġiyocov[9], Q. S. Ísmaylov[10], hám basqalardiń miynetlerinde kórip shiġilġan.

Ekonomikaliq hám finansliq analiz jumislari menen bir qansha shet ellik ilimpazlar da óz miynetlerinde sóz etken. Carles S. Warren, James M.

---

[1] Ваҳобов А., Ибрагимов А, Ишонқулов И. Молиявий ва бошқарув таҳлили. Т.: "Шарқ" НИАК, 2005 й., 480 б.
[2] Абдукаримов И.Т. Молиявий ҳисоботни ўқиш ва таҳлил қилиш йўллари. –Т.: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси", 1999. -320 б;
[3] И.К. Очилов, Ж.Е. Қурбонбоев. Молиявий ҳисоб. Ўқув қўлланма -Т.: "Иқтисо молия", 2007. 488 б.
[4] Р.Д. Дусмуратов Аудиторлик фаолияти: назария, услубиёт ва амалиёт. –Т.: "Молия" нашриёти, 2007. -276 б.
[5]Ш. Хайдаров, Х. Ортиқов Ўзбекистон Республикаси Бухгалтерия ҳисобининг миллий стандарти (21 сон БҲМС). –Т.: "Ғафур ғулом номидаги – матбаа ижодий уйи, 2007. -256 б
[6] М.Қ. Пардаев Иқтисодий таҳлил. –Т.: "Иқтисодиёт ва ҳуқуқ дунёси" нашриёт уйи, 2001. -156 б.;
[7] А.А.Каримов, Исломов Ф.Р., Авлоқулов А. Бухгалтерия ҳисоби. –Т.: "Шарқ" НМАК, 2004. -592 б;
[8] Ш. Н. Файзиев, Р. Д. Дусмуратов, А. А. Каримов ва бошқ. Аудит. –Т.: "Иқтисод молия", 2015. -420 б;
9 Шоғиёсов Т.Ш. Комплекс иқтисодий таҳлил/ Т.: «ÍQTÍSOD-MOLÍYA», 2009, 224 б.
[10] Исмайлов Қ. С., Ситмуратов Т., Байжанов С.Х. Финанслық есап. –Н.: "Қарақалпақстан" баспасы, 2010. -192 б.

Reeve, Philip E. Fess[1]. , William F.Messier, JR[2]., G. V. Savitsskaya[3], K. Fleysher[4], E.A. Markar`yan[5], A.F. Íonova[6], B. Nidlz[7], Y.N. Chuev[8], A.D. Sheremet[9], M.V. Mel`nik[10] hám basqalar.

Magistrliq dissertatsiya jumisin jaziw dawaminda buxgalteriya esabi hám analiz tarawinda iskerlik alip barip atirǵan qánigelerdiń miynetlerinen keńnen paydalanildi. Olardiń ayirimlarin tómende keltirip ótemiz.

**I.K. Ochilov, J.E. Qurbonboev. Moliyaviy hisob. Oqiw qollanba -T.: “Iqtisod moliya”, 2007. 488 b.**

Bul oqiwliqta xojaliq sub`ektleriniń iskerliginde bazar ekonomikasi shárayatinda buxgalteriya esabiniń ob`ektleri sanalǵan tiykarǵi qurallar, TMZ, pul qarjilari h.t.b. esap ob`ektlerin jańasha usillar menen ashíp bergen. Oqiwliqta hám bir esap ob`ekti boyinsha tayanish sózler, keń kólemli misallar menen bayitilǵan. Schyotlar rejesiniń sońǵi ózgerislerin toliq qamtiǵan, xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektlerdiń esabat formalarin bergen halda keltiilgen temalardi ámeliy jaqtan tu`sinip aliwǵa imkan jaratilǵan.

Oqiwliqtiń 2-babinda pul qarjilari hám esap-kitap operatsiyalari esabina arnalǵan bolip, onda kárxanalarda pul qarjilarina baylanisli teoriyaliq bilimler keltirilgen, teoriyaliq materiallar misallar menen bayitilǵan hám pul qarjilariniń ekvivalentleri, valyuta operatsiyalari keńnen jaritilip berilgen.

---

[1] Carles S. Warren, James M. Reeve, Philip E. Fess. Accounting 21e. –USA.: , 2005.

[2] William F.Messier, JR. Auditing: a systematic approach- USA.: “Thomson-South western”, 2005.

[3] Савицкая Г.В. Анализа хозяйственной деятельности преприятия. –М.: “Инфра-М”, 2009.

[4] Стратегический и конкурентный анализ. Ме-тоды и средства конкурентного анализа в бизнесе. –М.: “Бином”, 2005.

[5] Маркарьян Э.А., Герасименко Г.П., Маркарьянс С.Э. Фи-нансовый анализ. Издания четвертое –М.: “ИД ФБК-Пресс”, 2003.

[6] Ионова А.Ф., Селезнева Н.Н. Финансовый анализ. –М.: “Проспект”, 2006,

[7] Нидлз Б., Андерсон Х., Колдуэллл. Принципы бухгалтерского учёта. –М.: “Финансы и статистика”, 2002.

[8] Чуев Й.Н., Чуева Л.Н. Комплексный экономический анализ хозяйственной деятельности. –М.: “Дашков и Ко”, 2006.

[9] Шеремет А.Д., Негашев Е.В. Методика финансового анализа деятельности коммерческих организаций. –М.: “Инфра-М”,2006.

[10] Мельник М.В., Герасимова Е.Б. Анализ финансовой деятельности предприятия. –М.:“Фарум”, 2007.

**Sh. N. Fayziev, R. D. Dusmuratov, A. A. Karimov hám basq. Audit.** – **T.: "Iqtisod moliya", 2015. -420 b;**

Bul oqiwliqta audit pániniń teoriyaliq tiykarlari aship berilgen. Zamanagóy finansliq qadaġalawda isbilermenlik xizmeti sanalġan audit iskerligi boyinsha auditorliq iskerliktiń milliy standartlari tiykarinda temalar toliq mazmunli bayan etilgen.

Oqiwliqtiń 20-babinda dáwir kárejetlerin audit tekseriwinen ótkeriw ózgeshelikleri aship berilgen. Sonıńday, finanslıq nátiyjeler audit, sonıń ishinde, ayrıqsha jaġdaylardaġı payda hám zıyanlar, finanslıq iskerlikten kórilgen payda hám zyanlar hakkında sóz baradı.

**Ismaylov Q. S., Sitmuratov T., Bayjanov S.X. Finansliq esap. –N.: "Qaraqalpaqstan" baspasi, 2010. -192 b.**

Bul oqiwliqta xojaliq sub`ektleriniń iskerliginde bazar ekonomikasi sharayatinda aqsha qarjilariniń esabi, materialliq zapaslardiń esabi, tiykarġi qurallardiń esabi, finansliq investitsiyalardiń esabi, ónimler hám olardi satiwdiń esabi, kapitallar hám rezervlerdiń esabi, finans nátiyjesiniń esabi hám finansliq esabat boyinsha temalarġa keń orin berilgen. Oqiwliqtiń hár bir babinan soń test jumisi hám sawallar keltirilgen.

Oqiwliqtiń 8-babinda dáwir qárejetleri esap-kitap operatsiyalari arnalġan bolip, onda kárxanalarda dáwir qárejetlerine esabına baylanisli teoriyaliq materiallar berilgen. Oqiwliqta dáwir kárejetlerine esabına baylanisli barliq máseleler qamtip alinġan, provodkalar berilgen.

**Podolskiy V.İ. Audit. – M.: YuNİTİ, 2010.**

Bul oqiwliqta audittiń úsh baġdarı ashıp berilgen bolıp, 1-bóliminde audittiń teoriyalıq hám metodikalıq tárepleri, 2-bóliminde audit ótkeriwdiń usılı hám texnikası hám 3-bóliminde bolsa, ámeliy audit máseleleri bayan etilgen. Oqıwlıqta xojaliq sub`ektleriniń iskerligin audittten ótkeriwdiń rossiya tájiriybesi hám milliy standarları tiykarında audit ótkeriw ámeliyatı hám házirgi ahwalı kompleks túsindirilgen. Sonıńday, orqıwlıqta ayırım metodikalıq máseleler hám tiexnikalıq aspekttegi pán mashqalaları keńnen jarıtılıp berilgen.

Oqiwliqtiń 23-babinda qárejetlerdiń auditi hám onıń reje-bağdarlamasın tayarlaw ózgeshelikleri bayan etilgen. Sonińday, kárejetlerdi tekseriwiń usılları hám jantasıwlarına keń orin berilgen.

**Savitskaya G.V. Analiza xozyaystvennoy deyatel`nosti prepriyatiya. –M.: “Infra-M”, 2015.**

Oqiwliqtiń birinshi bóliminde mikroekonomikaliq analizdiń predmeti, usili, waziypalari, metodikalari, shólkemlestiriliwi boyinsha uliwmalasqan bilimler sistemasi sipatindaği  xojaliq iskerligin analizlewdiń teoriyaliq tiykarlari bayan etilgen. Ekinshi bólim bolsa, kárxanalar iskerliginiń nátiyjelerin kompleks analiz ótkeriw metodikasina bağishlanğan. Bazar ekonomikasina tán eń sońği usillar kórip shiğilğan.

Oqiwliqtiń 13-babı qárejetler analizine hám 15-babi kárxanalardiń finansliq jağdayiniń analizine bağishlanğan bolip, bul boyinsha analiz tarawindaği eń sońği usillar hám jantasiwlardi keltirip bayanlağan.

**Nidlz B., Anderson X., Kolduelll. Printsipi buxgalterskogo uchyota. –M.: “Finansi i statistika”, 2002.**

Bul oqiwliqta xojaliq sub`ektleriniń iskerliginde buxgalteriyaliq esap boyinsha sirt el tájiriybesi boyinsha , arnap aytqanda AQSh seapshiliq sistemasi tiykarinda hám de xaliq araliq buxgalteriyaliq esap tártipleri hám standlartlari boyinsha jazilğan  oqiwliq sanaladi. Onda RF hám de AQSh buxgalteriya esabi boyinsha salistirmali analiz kórsetilgen.

Oqiwliqtiń 5-babinda dáwir qárejetleri esabınıń AQSh tájiriybesi keńnen keltirilgen. dáwir qárejetleri esabınıń esabatta sáwlelendiriliwi, buxgalteriyaliq jaziwlardi ámelge asiriw h.t.b. máselelerdi óz ishine qamtiğan.

**Carles S. Warren, James M. Reeve, Philip E. Fess. Accounting 21e. –USA.: “Thomson-South western”, 2005.**

Bul oqiwliqta xojaliq sub`ektleriniń iskerliginde buxgalteriyaliq esap boyinsha sirt el tájiriybesi boyinsha, atap aytqanda AQSh esapshiliq sistemasi tiykarinda hám de xaliq araliq buxgalteriyaliq esap tártipleri hám standlartlari

boyinsha jazilġan  oqiwliq sanaladi. Onda AQSh buxgalteriya esabiniń tiytkarlari  aship kórsetilgen.

Oqiwliqtiń 21-babinda dáwir qárejetleri esabınıń AQSh tájiriybesi keńnen **William F.Messier, JR., Steven M. Glover, Douglas F. Prawitt Auditing & Assurance : a systematic approach- USA.: "Thomson-South western", 2005. Published by McGraw-Hill Education, 2 Penn Plaza, New York, NY 10121. 2017 by McGraw-Hill Education.**

keltirilgen. Dáwir qárejetleri (sales expences, administrative expences) esabınıń teoriyalıq hám ámeliy tárepderi ashıp berilgen.

Bul oqiwliqta biznes sub`ektleriniń iskerliginde buxgalteriyaliq esap boyinsha sirt el tájiriybesi boyinsha, atap aytqanda AQSh audit sisteması sistemasi tiykarinda hám de xaliq araliq audit standlartlari boyinsha jazilġan oqiwliq sanaladi. Onda AQShında audit iskerligi hám tekseriwleriniń ózine tán tárepleri keńnen ashıp kórsetilgen.

Oqiwliqtiń 15-babinda dáwir qárejetleri hám basqa da qároejetlerdiń AQSh tájiriybesi keńnen keltirilgen. Qárejetlerdiń auditiń teoriyalıq hám ámeliy tárepderi ashıp berilgen.

**Izertlewde qollanilatuġin metodikaliq sipatlamasi.** Dissertatsiyada izertlew predmetiniń tariyxiy, shólkemlestiriw, ekonomikaliq hám normativlik-huqiqiy ózgesheliklerin izertlewde dialektika usillarin qollaniwġa tiykarlanadi. Ízertlew ob`ektleri boyinsha gruppalaw, salistiriw, ilimiy oylaw, ekonomikaliq-statistikaliq hám analitikaliq usillar qollaniladi. Sonińday, izertlew ob`ektlerin hám alinġan nátiyjelerin bayanlawda konstruktiv hám bayanlaw usillarinan keńnen paydalanildi.

**Izerlew nátiyjeleriniń teoriyaliq hám ámeliy áhmiyeti:** Ízertlewdiń nátiyjeleriniń teoriyaliq áhmiyeti kárxanalarda dáwir qárejetleri esabın shólkemlestiriw hám olardi rawajlandiriw máseleleri kórip shiġilġan. Kárxanalarda dáwir qárejetleri esabi hám olardi auditlewdi duris hám ilimiy jaqtan tiykarli etip jolġa qoyiwda, kárxanalar, shólkemler hám de auditorliq

kompaniyalari óz jumis barisinda, kárxanalardiń buxgalteriya, reje-ekonomika, marketing, menedjment bólimleri keńnen paydalaniwi mu`mkin.

Ízertlewdiń ámeliy áhmiyeti sonda, dissertatsiya nátiyjeleri, ilimiy hám ámeliy usinislardan xojaliq ju`rgiziwshi sub`ektleri analitikaliq hám buxgalteriya esabin hám auditin shólkemlestiriwde, dáwir qárejetlerin esapqa aliwda hám olardi auditlew arqali analitikaliq ámellerdi orinlawdi jaqsilawda paydalaniwlari mu`mkin.

Sonińday, tema boyinsha izertlew nátiyjeleri sipatinda 5 tezis baspadan shiġarildi.

**Jumis du`zilisiniń sipatlamasi.** Magistrlik dissertatsiya jumisi kirisiw, 3 bap, juwmaqlaw, paydalanilġan ádebiyatlar dizimi hám qosimshalardin ibarat bolip kirisiw bóliminde temaniń aktualliġi, ilimiy hám ámeliy áhmiyeti, jańaliġi, qollanilatuġin usillar hám ádebiyatlarġa sholiw jumislari orinlanġan. jumistiń 1-babinda dáwir qárejetleriniń ekonomikalıq mazmunı, esabınıń shólkemlestiriw hám normativlik tiykraların ashıp beriw máselelerin óz ishine alġan. Jumistiń 2-babinda bolsa, dáwir qárejetleri esabın shólkemlestiriw hám onı jetilistiriw másellerin óz ishine qamtiġan. Jumistiń 3-babinda, dáwir qárejetleri auditi hám analiziniń metodikalıq tárepleri, olardı jetislistiriw máselelerin óz ishene qamtiġan.

Ízertlew jumisiniń juwmaqlaw bóliminde bolsa, ótkerilgen izertlew jumislari boyinsha uliwmalasqan maġliwmatlar keltirilip, izertlew nátiyjeleri boyinsha ilimiy tiykarlanġan pikir hám usinislar keltirilgen.

# I BAP. DÁWİR QÁREJETLERİNİŃ EKONOMİKALÍQ MAZMUNÍ, ESABÍNÍŃ SHÓLKEMLESTİRİWShİLİK HÁM NORMATİV TİYKARLARÍ

## 1.1. Dáwir qárejetleriniń ekonomikalıq mazmunı hám esaptı shólkemlestiriwdiń wazıypaları

Dáwir qárejetleri delingende – tuwrıdan-tuwrı óndiris protsesi menen baylanıslı bolmaġan qárejetler hám sarıplawlar túsiniledi. Dáwir qárejetleri quramına ónim islep shıġarıwdıń ózine túser bahasına kiritilmeytuġın xojalıq sarıplawları kiritiledi. Olardı júzege shıġıw forması hám ornına qarap úsh toparġa ajıratıw múmkin:

- ✓ satıw qárejetleri;
- ✓ administrativlik qárejetler;
- ✓ basqa ulıwmaxojalıqlıq qárejetleri.

**Satıw qárejetleri** – ónimniń (jumıs orınlaw, xızmet kórsetiw) ózine túser bahasına kiritiletuġın qárejetler, ónim (orınlanġan jumıs, kórsetilgen xızmetler) islep shıġarıw hám satıw qárejetleri quramı hámde finanslıq nátiyjelerdiń qáliplesiw quramı haqqındaġı Nızamġa muwapıq jalġız tártiplestiriwdi hám tuwrıdan-tuwrı kárxananıń iskerlik nátiyjeliligi baslanıwı tártiplestirilgen.

Satıw qárejetleri ónimlerdi qarıydar hám buyırtpashılarġa júklep jiberiw hám satıw menen baylanıslı bolġan qárejetlerdi óz ishine aladı.

Satıw qárejetlerin is haqı qárejetleri, is haqıdan ajıratpalar, material qárejetleri, tiykarġı qurallar hám materiallıq emes aktivlerdiń amortizatsiyası, reklama qárejetleri, jumıs hám xızmetler, basqa qárejet bántleri boyınsha gruppalaw hám analizlew múmkin.

Satıw qárejetleriniń qaplanıwı kárxananıń dáslepki esap paydasınan ámelge asırıladı.

**Administrativlik qárejetler** qatarına kárxana basqarıwı menen baylanıslı bolġan qárejetler kiritiledi hám olardıń kárxana sarplawları quramındaġı salmaġı

sezilerli úlesti quraydı. Bul tuwrıdan-tuwrı basshılar hám basqarıw apparatınıń xızmetiniń qárejetleri bolıp tabıladı.

**Basqa ulıwmaxojalıqlıq qárejetleri** qatarına joqarıdaġı quramġa kiritilmegen qárejetler islep shıġarıwdı jetilistiriw, ózlestiriw hám jańa ónimlerdi islep shıġarıwdı jolġa qoyıw menen baylanıslı bolġan qárejetler kiritiledi.

«Qárejetler quramı haqqındaġı Nızam»ġa muwapıq dáwir sarplawları islep shıġarıw protsesi menen tuwrıdan-tuwrı baylanıslı bolmaġan qárejetler hám sarplawlar bolıp, oġan xojalıq júritiwshi subektti basqarıw qárejetleri, ónim satıw qárejetleri hám ulıwmaxojalıqlıq áhmiyetke iye bolġan basqa qárejetler kiredi.

Bul qárejetler tuwrıdan-tuwrı kárxananıń ónim (jumıs, xızmet)ler islep shıġarıwġa tiyisli iskerligi menen baylanıslı bolmasa da, olardıń realizatsiyasına tiyisli tiykarġı iskerlik penen baylanıslı bolġanlıġı ushın da operatsion qárejetler dep ataladı. Olar, tiykarınan, islep shıġarılġan ónimniń kólemine baylanıslı bolmastan, dáramatlardıń alınıwı waqtında islengen qárejetler bolıp, dáramatlar hám qárejetlerdiń muwapıqlıġı printsipine qaray bul qárejetler sebepli alınġan dáramatlar sáwlelendirilgen esabat dáwirine kiritiliwi kerek.

Dáwir qárejetleri tómendegi schyotlarda sáwlelendiriledi:

9410 «Satıw qárejetleri»

9420 «Administrativlik qárejetler»

9430 «Basqa operatsion qárejetler»

Solay etip, dáwir qárejetleriniń klassifikatsiyalanıwın tómendegishe súwretlew múmkin (1.1-sızılma).

Zárúr jaġdaylarda xojalıq júritiwshi subekttiń isshi schyotlar rejesine tiyisli bólimlerde qosımsha schyotlardı ashıwı hám onı esap siyasatında sáwlelendiriwi múmkin.




**1.1-sızılma. Dáwir qárejetleriniń klassifikatsiyalanıwı.**[1]

Máselen, tómendegi schyotlardı qosımsha engiziw múmkin:

9441 «Reklamaġa tiyisli qárejetler»,

9412 « Saqlaw hám tasıw boyınsha qárejetler»,

9421 «Administrativ basqarıw xızmetkerleriniń is haqı qárejetleri»,

9423 «Ulıwma administrativlik maqsetlerdegi tiykarġı qurallardıń amortizatsiyası»

9431 «Tiykarġı qurallardıń shıġıp ketiwinen kórilgen zıyan»

9433 «TMZlar bahasınıń arz

anlastırılıwınan kórilgen zıyanlar»

9437 «Esaplap jazılġan járiymalar, penyalar, ústemeler» yaki usı kárxanaġa tán bolġan operatsiyalardı sáwlelendiriliw ushın zárúr bolatuġın basqa schyotlar.

9410-«Satıw boyınsha qárejetler» schyotında ónimdi satıwġa tiyisli qárejetler, yaġnıy ónimlerdi tutınıwshıġa jetkerip beriw, transport qurallarına júklew menen baylanıslı qárejetler, marketing penen, ónimlerdi satıw hám sol sıyaqlılar menen bánt bolġan bólimler hám xızmetkerlerdiń qárejetleri sáwlelendiriledi.

Máselen, reklamaġa tiyisli qárejetler sáwlelendirilgende:

[1] Normativ h'u'jjetlerdi u'yreniw tiykarında magistrant ta'repinen du'zilgen.

D-t 9411 «Reklamaǵa tiyisli qárejetler»

K-t 5110 «Esap-kitap schyotı».

Tovarlardı qarıydarlarǵa júklep jiberiw waqtında transport qárejetleri sáwlelendirilgen:

D-t 9412 «Saqlaw hám tasıw boyınsha qárejetler»

K-t 5110 «Esap-kitap schyotı»

9420-«Administrativlik qárejetler» schyotında kárxananı basqarıw boyınsha qárejetler, ulıwma administrativ maqsettegi tiykarǵı qurallardı remontlawǵa tiyisli qárejetler, ulıwmaxojalıqlıq maqsetlerde xanalardıń ijara tólemleri, maǵlıwmatqa tiyisli, auditorlıq hám másláhát xızmetleri xaqınıń tóleniwi hám basqa qárejetler.

Máselen, basqarıw xızmetkerlerine is haqı esaplanǵanda:

D-t 9423 «Administrativ basqarıw xızmetkerleriniń is haqı qárejetleri»

K-t 6710 «Miynet haqı boyınsha xızmetkerler menen esap-kitaplar».

Administrativ bina boyınsha eskiriw esaplanǵanda:

D-t 9423 «Ulıwma administrativ maqsetlerdegi tiykarǵı qurallardıń amortizatsiyası»

K-t 0220 «Binalardıń eskiriwi».

9430-«Basqa operatsion qárejetler» schyotında ilimiy-izertlew tájiriybe-konstruktorlıq islenbelerge tiyisli qárejetler, kárxana aktivleriniń satılıwı hám basqasha shıǵıp ketiwlerden kórilgen zıyanlar, TMQlar bahasınıń arzanlastırılıwınan kórilgen zıyanlar, tábiyiy kemeyiwlerden kórilgen zıyanlar, xızmetkerlerge beriletuǵın materiallıq járdemler, sud shıǵımları hám xojalıq iskerligi protsesinde júzege keletuǵın (islep shıǵarıw protsesi, finanslıq iskerlik penen baylanıslı bolmaǵan hám tosınnanlı qárejetler bántleri sıpatlarına iye bolmaǵan) basqa qárejetler kórsetiledi.

Máselen, tiykarǵı qurallardıń shıǵıp ketiwinen kórilgen zıyan sáwlelendirilgende:

D-t 9431 «Tiykarǵı qurallardıń shıǵıp ketiwinen kórilgen zıyanlar»

K-t 9210 «Tiykarǵı qurallardıń shıǵıp ketiwi».

Tovarlar bahasınıń arzanlastırılıwınan kórilgen zıyan sáwlelendirilgende:

D-t 9433 «TMZlardıń arzanlastırılıwınan kórilgen zıyanlar»

K-t 2910 «Skladtağı tovarlar».

Óz waqtında tólenbegen salıqlar boyınsha penyalar sáwlelendirilgen:

D-t 9437 «Esaplap jazılğan járiymalar, penyalar, ústemeler»

K-t 6410 «Byudjetke tólemler boyınsha qarızlar».

9440-«Keleside salıq salınatuğın bazadan shıġarılatuğın esabat dáwiri qárejetleri» schyotında, «Schyotlar rejesin qollanıw boyınsha instruktsiya»ġa muwapıq, Qárejetler quramı haqqındağı Nızamġa qosımshada keltirilgen, keleshekte salıq salınatuğın bazadan shıġarılatuğın esabat dáwiri qárejetleri (yağnıy waqtınsha parıqlar) sáwlelendiriledi.

Bizge belgili, «Qárejetler quramı … haqqındağı Nızam»nıń 1 hám 2-qosımshaları buxgalteriya esabı maqsetleri hám salıq salıw maqseti ushın qárejetlerdi esaplap jazıw waqtında júzege keliwshi parıqlardı sáwlelendiredi.

Usı Nızamnıń 1-qosımshasında kárxana dáramatlarınan esabat dáwirine tiyisli sap paydanı esap-kitap qılıw waqtında shıġarıp taslanatuğın, biraq xojalıq júritiwshi subekttiń salıq salınatuğın bazasına salıqqa tiyisli nızam hújjetlerine muwapıq dáramat (payda) salıġınıń esap-kitabı waqtında kiritiletuğın qárejetler bántleri keltiriledi. Bular keyingi dáwirlerde biykarlanbaytuğın turaqlı parıqlar bolıp tabıladı. Olarġa xızmetkerlerge tólenetuğın materiallıq jярdemler, qosımsha dem alıs, sıylıqlardıń tóleniwi, uyalı hám peydjing baylanıslar, jeńil xızmet avtotransportına xızmet kórsetiw hám kóp ġana basqa qárejetler kiritiledi.

2-qosımshada sap paydanı esap-kitap qılıw waqtında kárxananıń dáramatlarınan shegirip taslanatuğın, biraq olardıń júzege keliwi waqtında salıq salınatuğın bazaġa kiritiletuğın qárejetlerdiń dizimi beriledi. Turaqlı parıqlardan parıqlı túrde bul qárejetler keyingi dáwirlerde salıq salınatuğın baza quramınan shıġarıp taslanıwı kerek (waqıt boyınsha ayırmashılıqlar yaki waqtınsha parıqlar).

Waqtınsha parıqlar esapqa alınıwı kerek bolġan (usı bólimniń basqa barlıq schyotları sıyaqlı) 9440-schyot ta esabat dáwiriniń aqırına barıp saldonı 9910-«Juwmaqlawshı finanslıq nátiyje» schyotına ótkeriw menen jabıladı, 9440-schyotta jámlengen qárejetler haqqındaġı maġlıwmat bolsa 012-«Salıq salınatuġın bazadan shıġarılatuġın qárejetler» atlı balanstan tısqarı schyot debetine jazıladı. Bul qárejetler, joqarıda aytıp ótilgenindey, salıq salıw maqsetleri ushın aġımdaġı dáwirdiń salıq salınatuġın bazasına qaytadan kiritiliwi kerek, keyinshelli bolsa onnan usı qárejetlerdiń pútkil paydalı ámel qılıw múddeti dawamında yaki bul múddetlerden qaysı biri qısqa bolıwınan kelip shıqqan halda 10 jıl dawamında shegirilip barıladı.

## 1.2. Dáwir qárejetleri esabınıń házirgi jaġdayı

Qárejetlerdiń buxgalteriya esabı maqsetleri hám salıqqa tartıw maqsetleri ushın sáwlelendiriliwindegi parıqlar buxgalteriya esabınıń tiykarġı maqseti xojalıq júritiwshi subektler iskerliginiń sap paydasın, demek, bazardaġı básekige shıdamlılıqtı da anıqlaw ushın olardıń qárejetleri esaplaw hám finanslıq nátiyjelerin anıqlaw ekenliginen kelip shıġadı. Salıq organları, ádette, buxgalterlik paydası menen qızıqpaydı, olardı xojalıq júritiwshi subekttiń ayırım qárejetler bántlerin salıqqa tiyisli nızam hújjetlerine muwapıq buxgalterlik paydasına qosıw jolı menen anıqlanatuġın salıqqa tartılatuġın dáramat kóbirek qızıqtıradı.

Buxgalteriya esabınıń xalıq aralıq printsiplerine muwapıq waqtınsha parıqlar — esabat dáwiriniń salıqqa tartılatuġın hám esap dáramatları ortasındaġı parıqlar bolıp, olar ayırım bántleri salıqqa tartılatuġın dáramatqa kiritiletuġın esabat dáwiri olar esap dáramatına kiritiletuġın esabat dáwiri menen muwapıq kelmewi sebepli júzege keledi. Turaqlı parıqlardan parıqlı túrde, waqtınsha parıqlar keyingi esabat dáwirinde biykar qilinadi.

2-qosımshaga muwapıq, waqtınsha parıqlarġa, mısal ushın, jańa xojalıq júritiwshi subektlerdiń, islep shıġarıw, tsex, agregatlardı ózlestiriwge tiyisli

qárejetleri, ónimlerdiń jańa túrlerin tayarlaw hám islep shıǵarıwdı ózlestiriwge tiyisli qárejetler hám basqa qárejetler kiritiledi.

Qárejetlerdiń bul diziminen sonı kóriw múmkin, bular keleshekte dáramat keltiriwshi qárejetler bolıp tabıladı (sebebi mine sonıń ushın da jańa islep shıǵarıwlardı ózlestiriwge tiyisli sarplawlar hám usıǵan uqsas qárejetler islenedi), demek, buxgalteriya esabı printsiplerine muwapıq olar kárxana balansında aktiv sıpatında sáwlelendiriliwi hám keyingi dáwirlerde bazıbir turaqlı tiykarda esaptan shıǵarıp barılıwı kerek. Bunday qárejetler 3200-«Keshiktirilgen qárejetlerdi esapqa alıwshı» schyotlarda (3210, 3220, 3230) sáwlelendiriledi. Buxgalteriya esabında bunday úlken qárejetlerdi bir waqıtta esaptan shıǵarıw onshelli orınli emes, — bul zat esabat dáwiriniń dáramatları hám qárejetleriniń muwapıqlıǵı printsipin buzıw bolıp esaplanadı.

Waqtınsha parıqlar júzege keletuǵın jaǵdaylar oǵada hár túrli bolıwı múmkin.

Buxgalteriya esabınıń xalıq aralıq ámeliyatında waqıt boyınsha parıqlardıń júzege keliwine tiyisli eń kóp tarqalǵan mısallardan biri bolıp, kárxana tárepinen Salıq kodeksi tastıyıqlanǵanınan parıqlanıwshı amortizatsiya esaplaw usıllarınıń qolllanılıwı esaplanadı. Hár qanday jaǵdayda da amortizatsiyalanatuǵın mal-múlktiń barlıq bahası tiykarǵı qurallardıń normalanǵan xızmet múddeti dawamında qárejetlerge esaptan shıǵarıladı, biraq bul múddet ishinde hár túrli usıllarda esaplap jazılǵan amortizatsiya summasındaǵı parıqlar kózge taslanadı.

Waqtınsha parıqlar boyınsha salıq nızamshılıǵı hám buxgalteriya nızam hújjetleri bir-birine tuwra kelmeydi. Sonıń ushın buxgalteriya esabında waqıt boyınsha parıqlardı sáwlelendiriliw máselesine júdá ıqtıyatlılıq penen jantasıw kerek, bolmasa bul jaǵday salıq nızamshılıǵınıń buzılıwına alıp keledi.

Ózbekistan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2003-jıl 15-oktyabrdegi 444-sanlı qararına muwapıq «Qárejetler quramı haqqındaǵı Nızam»nıń 2-qosımshası tezlestirilgen metod boyınsha esaplanǵan amortizatsiya summası

hám belgilengen normalar boyınsha esaplanġan amortizatsiya summası ortasındaġı tómendegi waqtınsha parıqlar kiritilgen:

a) tiykarġı qurallar boyınsha salıqqa tiyisli nızam hújjetlerine muwapıq;

b) materiallıq emes aktivler boyınsha baslanġısh baha hám paydalı paydalanıw múddetinen kelip shıqqan halda xojalıq júritiwshi subekt tárepinen esaplap shıġarılġan normalarġa muwapıq.

Onsha úlken bolmaġan kópshilik kárxanalarda buxgalteriya esabı waqtınsha parıqlardı sáwlelendirmesten júritiw maqsetke muwapıq. Bunda salıqlardı esaplaw ańsatlasadı.

Ózbekistan Respublikasınıń «Buxgalteriya esabı haqqında»ġı nızamınıń 9-bántine muwapıq, xojalıq operatsiyalarınıń buxgalteriya esabı ushın operatsiyalardıń ámelge asırılġanlıġı hám olardıń ótkeriliwi ushın pármanlar beriw faktlerin esapqa alıwshı baslanġısh esap hújjetler tiykar bolıp esaplanadı. Baslanġısh esap hújjetleri, eger olar tiyisli formada dúzilgen hám Ózbekistan Respublikasınıń «Buxgalteriya esabı haqqında»ġı nızamınıń 9-bántinde májbúriy rekvizitlerge iye bolġanda ġana haqıyqıy hújjet bolıp esaplanadı. Bunday hújjetler menen tastıyıqlanbaġan qárejetler ónim (jumıs, xızmet)lerdiń ózine túser bahasına hám dáramat (payda) salıġı boyınsha salıqqa tartılatuġın bazanı kemeytiwshi qárejetlerge kiritilmeydi.

1.1-keste

Kegeyli rayonı, Xalqabat elatı «Xalqabat paxta tazalaw» AJinde dáwir qárejetleriniń dinamikası hám quramınıń analizi (2015-2017 jj.)[1]

mıń swm

| Kórsetkishler | Qatar kodı | 2015-jıl | | 2016-jıl | | 2017-jıl | | 2017-jıl 2015-jılġa qatnasta +, – | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | mıń swm | % | mıń swm | % | mıń swm | % | mıń swm | % |
| Túsim | 020 | 41532092 | 100,00 | 42298740 | 100,00 | 64131334 | 100,00 | +22599242 | X |
| Dáwir qárejetleri | 040 | 3876730 | 9,33 | 5055650 | 11,95 | 8286816 | 12,92 | +4410086 | +3,59 |
| **Sonıń ishinde:** | | | | | | | | | |
| Satıw qárejetleri | 050 | 168491 | 0,41 | 150163 | 0,36 | 227460 | 0,35 | +58969 | -0,05 |
| Administrativlik qárejetler | 060 | 251631 | 0,61 | 582918 | 1,38 | 657309 | 1,02 | +405678 | +0,42 |
| Basqa operatsion qárejetler | 070 | 3456608 | 8,32 | 4322569 | 10,22 | 7402047 | 11,54 | +3945439 | +3,22 |

[1] [1] AJinin' 2015-2017-jıllardag'ı finanslıq esabatları tiykarında avtor ta'repinen du'zilgen.

1.2-keste

Kegeyli rayonı, Xalqabat elatı «Xalqabat paxta tazalaw» AJinde marjinal dáramattaǵı dáwir qárejetleriniń quramı hám dinamikası

(2015-2017 jj.)[1]

| Kórsetkishler | Qatar kodı | 2015-jıl | | 2016-jıl | | 2017-jıl | | 2017-jıl 2015-jılǵa qatnasta +, – | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | mıń swm | % | mıń swm | % | mıń swm | % | mıń swm | % |
| Satılǵan ónim (tovar, jumıs, xızmet)lerdiń ózine túser bahası | 030 | 47997696 | 100 | 49471469 | 100 | 75526904 | 100 | +27529208 | X |
| Dáwir qárejetleri | 040 | 3876730 | 8,08 | 5055650 | 10,22 | 8286816 | 10,97 | +4410086 | +2,90 |
| Sonıń ishinde | | | | | | | | | |
| Satıw qárejetleri | 050 | 168491 | 0,35 | 150163 | 0,30 | 227460 | 0,30 | +58969 | -0,05 |
| Administrativlik qárejetler | 060 | 251631 | 0,52 | 582918 | 1,18 | 657309 | 0,87 | +405678 | +0,35 |
| Basqa operatsion qárejetler | 070 | 3456608 | 7,20 | 4322569 | 8,74 | 7402047 | 9,80 | +3945439 | +2,60 |

[1] AJinin’ 2015-2017-jıllardag’ı finanslıq esabatları tiykarında avtor ta’repinen du’zilgen.

Joqarıda aytılġanınday, dáwir qárejetleriniń quramı Nızamġa tiykarlanıp ónim (jumıs hám xızmet)lerdi satıw qárejetleri, administrativ basqarıw qárejetleri hám basqa operatsion qárejetlerden dúziledi. Analizler sonı kórsetedi, «Xalqabat paxta tazalaw» Aktsionerlik jámiyetide dáwir qárejetleriniń quramında satıw qárejetleri ósiw tendentsiyasına iye. Marjinal dáramattaġı dáwir qárejetleriniń quramı hám dinamikası analizlengende 2017-jılda jámi dáwir qárejetleri 10,97 % sonnan: satıw qárejetleri 0,3%, administrativ-basqarıw qárejetleri 0,87%, basqa operatsion qárejetler 9,8%ı quraġanın kóriwge boladı. Dáwir qárejetleriniń absolyut summası 2017-jılda 2015-jılġa salıstırġanda administrativlik hám basqa da operatsion qárjejetler boyınsha óismdi baqlawġa boladı. Biraq quramlıq kemeyiw tempi tek ġana satıw qárejetlerinde gúzetilgen. 2015-2017-jıllarda marjinal dáramatta dáwir qárejetleri sáykes túrde 9,33 % hám 12,92% lardı qurap, 3,59% ġa kóbeyiw trendin kóriwge boladı. (1.1, 1.2-kesteler hám 1-diagramma ).

1.1.diagramma



# II BAP. DÁWİR QÁREJETLERİ ESABÍN SHÓLKEMLESTİRİW HÁM ONÍ JETİLİSTİRİW.

## 2.1. Realizatsiyaġa baylanisli qárejetler esabın shólkemlestiriw.

Bazar ekonomikası sharayatında ġárezsiz xojalıq júritiwshi subektlerdiń birlemshi maqseti – joqarı paydaġa erisiw bolıp, bul nátiyjege erisiw bir qansha ekonomikalıq kórsetkishlerge baylanıslı. Olardıń tiykarġıları qatarına dáramat hám qárejet kategoriyaların kiritiw múmkin. İslep shıġarılıp atırġan hám satıwġa mólsherlengen ónimler bahasın belgilew xojalıq ıqtıyarında bolmaġanlıġı, bazardaġı talap hám usınıs tiykarında qálipleskenligi sebepli joqarı paydaġa erisiw faktorı bolġan dáramattı asırıw tek ġana ámelge asırılıp atırġan qárejetlerdi tekseriw hám basqarıw menen belgilenedi. Sonıń ishinde, xojalıq finanslıq nátiyjeleriniń joqarı unamlılıġın támiynlewde, ásirese qárejetler quramında tuwrıdan-tuwrı tásir ózgesheligine iye bolġan «dáwir qárejetleri» elementiniń buxgalteriya esabın durıs hám anıq júritiliwin jolġa qoyıw, esabat dáwiri juwmaġında jeńis girewin támiynlewdegi baslanġısh qádem bolıp tabıladı.

Rawajlanġan mámleketlerde, máselen Amerika kompaniyalarında esap protsessleriniń tiykarġı basqıshların analizlegen halda dawamlılıqtıń tómendegi 4 printsipi sheńberinde júritiliwi anıqlanġan, sonıń ishinde, bul printsiplerdi xojalıqlarda dáwir qárejetleri esabın shólkemlestiriwde de tuwrıdan-tuwrı qollanıw maqsetke muwapıq boladı. Bular: Nátiyjelelik. Bul printsiptiń dáwir qárejetleri esabı boyınsha qollanılıwı hár bir birlik sarplanġan dáwir qárejetleriniń qosımsha túrde qansha payda keltirgenligin yaki sarp hám dáramattıń teń kórsetkishke iye ekenligin sáwlelendiredi.

Tekseriw printsipi – dáwir qárejetleri esabında, bul printsip, finanslıq nátiyjelerge turaqlı unamsız tásirde bolġan qárejet bántleri haqqında úzliksiz anıq hám durıs hámde óz waqtında maġlıwmatlar alıw sisteması iskerliginiń dárejesin belgilewshi faktor bolıp esaplanadı.

Baylanıslılıq printsipi – dáwir qárejetleriniń ónim islep shıġarıw qárejetleri hámde usı ónimlerdiń satıw bahası ortasındaġı óz-ara qatnasına

tiykarlanadı. Bunda «Marjinal dáramattıń bekkemliligi» túsinigine ámeliy jantasıw protsesi qáliplesedi.

İyiliwsheńlik (ıqshamlıq) printsipi – esap sistemasına arnawlı shólkemlestiriwshilik (texnologiyalıq hám predmetli) ózgertiwler kiritpesten turıp, dáwir qárejetlerin optimal qısqartıw hám finanslıq nátiyjelerge tásirin kemeytiw ózgesheligin ańlatadı.

Dáwir qárejetleri esabı sistemasın keltirilgen printsipler tiykarında shólkemlestiriw hám júritiw tek esap sistemasınıń tezlesiwin emes, al onı xalıq aralıq talap normaları sheńberinde muwapıqlastıradı.

Sonıń ishinde, teoriyalıq hám xalıq aralıq qaģıydalarģa tiykarınlanıp, dáwir qárejetleri elementiniń quramlı bólimin qurawshı hám bántler kompleksinen ibarat ayırım toparlardıń atalıwına óz aldına toqtalıwdı lazım dep taptıq.

Nızamnıń B-bántinde dáwir qárejetleriniń bántleri kompleksin ańlatıwshı, yaģnıy quramlı bólimlerinen ibarat qárejetler toparları «Satıw qárejetleri», «Administrativlik qárejetler» hám «Basqa operatsion qárejetler hám zıyanlar» dep ataladı. Sáykes túrde №21-BEMSnıń 21-«Xojalıq júritiwshi subektlerdiń finanslıq-xojalıq iskerliginiń buxgalteriya esabı esapbetleri rejesi» qosımshasında 9400-«Dáwir qárejetleri»n esapqa alıwshı tranzit schyottıń analitikalıq schyotları 9410-«Satıw qárejetleri», 9420-«Administrativlik qárejetler», 9430-«Basqa operatsion qárejetler»-dep ataladı. Biziń pikirimizshe, dáwir qárejetleriniń quramlı toparların bunday ataw teoriyalıq tárepten maqsetke muwapıq emes. Sebebi, teoriyalıq qaģıydalarģa muwapıq qárejetler ekonomikalıq atamalarģa tiyisli bolıp qalmaqta. Al bul qárejetler bolsa belgili bir iskerlik baģdarları boyınsha ámelge asırıladı. Sonnan kelip shıqqan halda, dáwir qárejetleriniń quramlı toparların «Satıw iskerligi qárejetleri», «Administrativ iskerlik qárejetleri» hám «Basqa operatsion iskerlik qárejetleri hám zıyanları»-dep atawdı maqsetke muwapıq dep bilemiz. Bunday atawdı Nızam tártibinde qollanıw hámde sáykes túrde 9400-«Dáwir qárejetleri»n esapqa alıwshı schyotlarda da qollanıw teoriyalıq mazmundı tolıq hám durıs

sáwlelendiredi. Dáwir qárejetleriniń quramın usınday tártipte toparlaw hám esapqa alıp barıw alınatuġın dáramatlar hám juwmaqlawshı finanslıq nátiyjeni durıs anıqlawġa imkan beredi.

Biz tómendegi 2.1-kestede «Xalqabat paxta tazalaw» AJiniń satıw qárejetleriniń quramıq analizin ótkergenimizde, 2017-jılda jámi dáwir qárejetleriniń satıw qárejetleri ótken 2016-jılġa salıstırġanda 77297,0 mıń swmġa kóbeygenin kóriwge boladı. Sonıńday, basqa barlıq kórsetkishlerde de ósim pátlerin bayqawġa boladı. Kárxananıń Gaz, janar may hám elektr energiya ushın tólemleri boyınsha qárejetleri 2016-jıldaġıdan 2017 jılda 14365,0 mıń swmġa asıp ketken. Ónimdi sertifikatsiyalaw hám satıw boyınsha shıġınları da 2016-jılġa saılıstırġanda 28540 mıń swmġa kóterilip ketken. Satıw qárejetleriniń quramınıń úleslik kórsetkishlerin salıstırġanda miynet haqı 3,5%ġa, BBST 0,88%, amortizatsiya ajıratpaları 6,3%ġa kemeygenin kóriwge boladı (2.1 diagramma).

**«Xalqabat paxta tazalaw» AJiniń satıw qárejetleriniń quramıq analizi (mıń swmda)[1]**

2.1-keste.

| N | Shıġınlar stat`yalardıń ataması | 2016-jıl | Jámige salıstırġanda úlesi,% | 2017-jıl | Jámige salıstırġanda úlesi,% | Absolyut parqı (+/-) | Salıstırma parqı (+/-) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Ónimdi realizatsiyalawġa ketken shıġınlar (9410)** | **150163,00** | **100,00** | **227460,00** | **100,00** | **+77297,00** | **X** |
| 1. | İs haqı | 46671,00 | 31,08 | 62729,00 | 27,58 | **+16058,00** | **-3,5** |
| 2. | BBST 25% | 11668,00 | 7,77 | 15682,00 | 6,89 | **+4014,00** | **-0,88** |
| 3. | Tara ushın shıġınlar | 211,00 | 0,14 | 580,00 | 0,25 | **+369,00** | **+0,11** |
| 4. | Qurılmalar ushın aġımdaġı shıġınlar h.b. | - | - | 6188,00 | 2,72 | **+6188,00** | **+2,72** |
| 5. | Jumısshılar med kórigi ushın tólem | - | - | 5370,00 | 2,36 | **+5370,00** | **+2,36** |
| 6. | Tiykarġı qurallardıń eskiriwi esaplanıwı | 32502,00 | 21,64 | 34895,00 | 15,34 | **+2393,00** | **-6,3** |
| 7. | Gaz, janar may hám elektr energiya ushın | 3505,00 | 2,33 | 17870,00 | 7,86 | **+14365,00** | **+5,52** |

[1] «Xalqabat paxta tazalaw » AJ finansliq esabatlari

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | tólem | | | | | | |
| 8. | Ónimdi sertifikatsiyalaw hám satıw boyınsha shıġınlar | 55606,00 | 37,03 | 84146,00 | 36,99 | **+28540,00** | **-0,04** |

2.1.diagramma




Nızamġa muwapıq ónim islep shıġarıw menen baylanıslı bolmaġan, biraq xojalıqtıń funktsional iskerligin támiynlewge qaratılġan qárejetler - dáwir qárejetleri sıpatında sáwlelendiriledi. Olardıń buxgalteriya schyotlarında jazılıwı keltirilgen tártipte, 9400-Dáwir qárejetlerin esapqa alıwshı schyotlarda júritiledi. Dáwir qárejetleri elementiniń quramın qurawshı qárejet toparları haqqındaġı maġlıwmatlardı ulıwmalastırıw, №21-BEMSnıń 2-qosımsha, 5-bóliminiń 403-bántine muwapıq tómendegi schyotlarda ámelge asırıladı:

9410-«Satıw qárejetleri»;

9420-«Administrativlik qárejetler»;

9430-«Basqa operatsion qárejetler»;

Esabat dáwiriniń aqırında dáwir qárejetleri elementiniń barlıq bántleri 9910-«Juwmaqlawshı finanslıq nátiyje» schyotı menen baylanısqan halda jabıladı. Bul esap sisteması ózgeriwsheń qárejetler «direkt-kosting» boyınsha ózine túser bahanıń kalkulyatsiyasın sáwlelendiredi.

1) 9410-«Satıw qárejetleri» schyotında ónimdi satıw boyınsha qárejetler, yaǵnıy ónimdi tutınıwshıǵa jetkerip beriw menen baylanıslı, transport qurallarına júklew, marketing penen shuǵıllanıwshı xızmetkerler hám bólimlerdiń qárejetleri hám basqalar sáwlelendiriledi.

2) 9420-«Administrativlik qárejetler» schyotında kárxananı basqarıw boyınsha qárejetler, basqarıw xızmetkeleriniń miynet haqı qárejetleri, ulıwma basqarıw áhmiyetine iye tiykarǵı qurallardı remontlaw qárejetleri, ulıwmaxojalıqlıq áhmiyettegi binalardıń ijara tólemleri hám basqa qárejetler esapqa alınadı.

3) 9430-«Basqa operatsion qárejetler» schyotında kadrlar tayarlaw hám qayta tayarlaw qárejetleri, maǵlıwmat, auditorlıq hám másláhát xızmetleri ushın tólem qárejetleri, is haqı esaplawda esapqa alınbaytuǵın kompensatsiyalaw hám sıylıqlaw áhmiyetine iye tólemler, bank hám depozitariya xızmetleriniń tólemleri, zıyanlar, járiymalar, penyalar hám basqa opertsion iskerlik protsesinde júzege keletuǵın, islep shıǵarıw protsesi, finanslıq iskerlik hám tosınnanlı qárejetler bántleriniń belgileri bolmaǵan basqa qárejetler sáwlelendiriledi.

9400-Dáwir qárejetlerin esapqa alıwshı schyotlardıń korrespondentsiyalanıwshı schyotları, Nızam tártibin, yaǵnıy islep shıǵarıw menen tuwrıdan-tuwrı baylanıslı bolǵan qárejetlerdiń ónimniń ózine túser bahasın qurawın, xojalıqtıń funktsional iskerligin támiynlew menen baylanıslı qárejetlerdiń bolsa ózine túser bahaǵa esaptan shıǵarılmawın ámeliy dálillemekte. Usı esap «direkt-kosting» qaǵıydalarına tiykarlanǵan «qısqartılǵan ózine túser baha» sistemasın ańlatadı.

Biziń pikirimizshe, xojalıqtıń ónim islep shıǵarıwdıń ózine túser bahasına kiritilmeytuǵın, sonday-aq turaqlı iskerlik protsesin támiynlewshi qárejetlerdiń dáwir qárejetleri sıpatında sáwlelendiriliwi hám tek finanslıq nátiyjeler esabınan qaplanıwınan tiykarǵı maqset – islep shıǵarılıp atırǵan ónim (jumıs, xızmet)niń ózine túser bahasınıń jasalma ósiwin sheklewge qaratılǵan. Sebebi, birinshiden, dáwir qárejetlerin qurawshı bántler tuwrıdan-tuwrı islep shıǵarıw protsesi menen

baylanıslı emes; ekinshiden, bul qárejet elementi bántleriniń kópshilik bólimi shegaralanbaǵan qárejetler toparların quraydı (belgilengen ekonomikalıq kórsetkishlerge qarata), eger qárejet bántleriniń ónimniń ózine túser bahasına esaptan shıǵarılǵanda, artıqsha maqsetsiz sarplawlardıń júzege keliwine imkan tuwılıwı múmkin edi hám ónimniń ózine túser bahası basqarıwsız asıwına sharayat jaratılatuǵın edi; úshinshiden, qarjılardı durıs sarplaw kóz-qarasınan, dáwir qárejetleriniń tuwrıdan-tuwrı finanslıq nátiyje esabınan qaplanǵanlıǵı sebepli, xojalıqlar olardı maksimal tejewge umtıladı. Bizińshe, bul esap sistemasınıń milliy ekonomikamızǵa en jaydırılǵanlıǵı maqsetke muwapıq boladı. Tek dáwir qárejetlerin qurawshı bántler quramın mámleket ekonomikalıq rawajlanıwına proportsional túrde turaqlı qayta kórip shıǵıp barıw zárúr. Óz aldına sonı aytıp ótiw kerek, «direkt-kosting» qaǵıydaları Nızamda óz sáwleleniwin tapqan halda, xojalıq júritiwshi subektler hám mámleket ortasındaǵı finanslıq qatnaslar kóz-qarasınan qáliplestirilgen. Biraq, bul esap sisteması xojalıqlar basqarıwı talaplarına tolıq juwap bermeydi. İslep shıǵarılıp atırǵan ónim ushın baha siyasatın júritiw hám ónim islep shıǵarıw ushın qansha muǵdardaǵı tolıq qárejetler sarplanıp atırǵanlıǵı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı qáliplestiriw imkanı shegaralangan. Xojalıqlardıń ishki esap sistemasın basqarıw máplerine beyimlestiriwine normativ hújjetlerde qarsılıqlar joq.

Dáwir qárejetlerin esapqa alıwdıń bar bolǵan sisteması ónimniń haqıyqıy rentabelligin hám zıyansız satıw bahasın anıq sáwlelendirip bere almaydı. Rawajlanǵan mámleketlerde basqarıw esabı jaqsı rawajlanǵan bolıp, dereklerde esapshı xızmetkerler jumıs waqtınıń 90% in basqarıw esabı ushın sarplawı aytılǵan. Mámleketimizde bolsa, bul esap ámelde alıp barılmaydı yaki júdá hálsiz jaǵdayda. Basqarıw esabın rawajlandırıwdıń áhmiyetli faktorlarınan biri sıpatında – tolıq ózine túser bahanıń júritiliwi zárúrligi tuwrasında dereklerde ekonomist alımlardıń pikirleri tolıq keltirilgen.

Usı tárepten biziń pikirimizshe, xojalıqtıń ishki esap sistemasında tolıq ózine túser baha esabınıń júritiliwin de shólkemlestiriw kerek dep oylaymız. Hám bul pikirdi, tómendegishe dálillew múmkin.

Ózine túser baha haqqındaǵı maǵlıwmatlar tek materiallıq zapaslar bahasın anıqlaw ushın emes, al ónimler satıw bahasın belgilewde de qollanıladı. «Bul - ózine túser baha tiykarında ónimlerge baha qoyıw siyasatın ańlatadı». Ekonomistlerdiń pikirinshe, - «satıw bahasın ornatıw – ilimnen kóre, iskusstvonı kóbirek ańlatadı».

İslep shıǵarılǵan ónim (jumıs, xızmet)niń bahası, onıń haqıyqıy ózine túser bahası, yaǵnıy bahasınan hámde bazardaǵı talap hám usınıstan kelip shıqqan halda belgilenedi. Bul orında baha belgilewde ónimniń haqıyqıy ózine túser bahası birlemshi faktor bolıp esaplanadı. Ózine túser baha bahanı qáliplestiriw hám dálillewdegi ekonomikalıq shama. Sonı aytıp ótiw kerek, baha - ıqtıyarlı biznestiń ómirlik zárúr elementi. Dereklerde bahanı ornatıwǵa úsh túrli jantasqan tárepleri bar bolıp, olar tómendegilerde óz sáwleleniwin tapqan: birinshi jantasıw - bahanı sonday etip belgilew kerek, bunda qarıydardıń imkanınan kelip shıǵıw; ekinshi jantasıw- jeke bahalardı anıqlawdı jeńillestiriw ushın, básekiles bahasınan paydalanıw; úshinshi jantasıw - ónimniń ózine túser bahası haqqındaǵı maǵlıwmattan paydalanıw. Kárxanalar bul úsh jantasıwdı birlestirgen halda baha belgileydi. Bizińshe de bul tártipti qollanıw, baha anıqlawda táwekelshilik dárejesin kemeytedi. Bunda tiykarǵı itibar ústemege qaratıladı. İslep shıǵarılǵan ónimlerdiń satıw bahası, olardıń ózine túser bahasınan hám islep shıǵarıwshı tárepinen belgilengen ústemeden ibarat. Ústeme baha – islep shıǵarıwshınıń dáramat deregi bolıp sanaladı.

Ónimniń ózine túser bahası tuwrıdan-tuwrı islep shıǵarıw qárejetlerinen quralǵanlıǵı sebepli, ústeme baha da mine usı kórsetkishlerge qarata alınadı. Biraq, dáwir qárejetleri ónimniń ózine túser bahasına esaptan shıǵarılmaǵanlıǵı, ústeme baha belgilewde olar ámelde derlik inabatqa alınbawı menen túsindiriledi. Sol sebepli ámeliyatta kópshilik xojalıqlardıń 2-forma «Finanslıq nátiyjeler haqqındaǵı esabat»ta, Nızamda paydanı anıqlaw tártibindegi «Tiykarǵı iskerlik paydası» nátiyjesi teris kórsetkishler menen juwmaqlanadı. Óz náwbetinde xojalıqtıń esabat dáwiri juwmaǵınıń zıyan menen jabılıwın

bildiredi. Bunday aqıbetlerdiń aldın alıw ushın, biziń pikirimizshe, xojalıq ishki esabında tolıq ózine túser baha esabı sisteması júritiliwi kerek.

Tolıq ózine túser baha esabında ádette tayar ónimniń ózine túser bahası kalkulyatsiyasın esaplawda barlıq qárejetler inabatqa alınadı, yaǵnıy ónimniń hár bir óz aldına túrine qárejetlerdiń belgili bir bólimi tiyisli boladı: sarplanǵan material qárejetleri, islep shıǵarıw xızmetkerlerine miynet haqı qárejetleri, ózgeriwsheń hám turaqlı ulıwma qárejetler.

Bunday jaǵdayda qárejet bólimlerin bólistiriwde, alımlardıń pikirinshe islep shıǵarıw kólemi menen baylanıslı bolǵan ózgeriwsheń qárejetler tuwrı qárejetler ózgesheligine iye bolıp, olardı qıyınshılıqsız islep shıǵarılǵan ónimniń anıq bir túrine esaptan shıǵarıw múmkin. Turaqlı ózgeshelikke iye bolǵan islep shıǵarıwlıq emes qárejetleri bolsa ónim túrleri ortasında belgili belgilengen tiykarǵa muwapıq bólistiriledi. Esabat dáwiri ushın ónim islep shıǵarıwdıń tolıq ózine túser bahasın anıqlaw formulası islep shıǵılǵan. Bunda ónimniń tolıq ózine túser bahası: esabat dáwirindegi islep shıǵarıw qárejetleri, dáwir qárejetleri, esabat dáwiri basındaǵı tamamlanbaǵan islep shıǵarıw qárejetleri qosındısınan esabat dáwiri juwmaǵındaǵı tamamlanbaǵan islep shıǵarıw qárejetleri shegirilip, ónim muǵdarına qatnası alınǵan. Biraq turaqlı qárejetler sıpatında aytılıp atırǵan dáwir qárejeteriniń ónim birlikleri ortasında qanday kórsetkishlerge qarata bólistiriliwin keltirmegen. Biziń pikirimizshe, bunday kórsetkishler qatarına: is haqı kólemi, islep shıǵarıw qárejetleri muǵdarı, ónim muǵdarı, xızmetkerler sanı hám basqa kórsetkishlerdi kiritiw múmkin. Dereklerde aytılıwınsha islep shıǵarıwlıq emes qárejetleri islep shıǵarıw kólemine baylanıslı bolmaǵanlıǵı sebepli, bólistiriwde esaptan shıǵarılıw obekti bolǵan ónim muǵdarın aldınnan rejelestiriw hám anıqlaw kerek boladı. Bul protsess tolıq ózine túser baha esabı sistemasın ańlatadı.

Tolıq ózine túser baha esabı sisteması tiykarınan basqarıw esabı ushın zárúr bolıp, ol basshılardı islep shıǵarılǵan ónim kólemi, ámelge asırılǵan barlıq qárejetler muǵdarı hámde baha siyasatın júritiw ushın baha belgilew

kórsetkishleri haqqında tolıq hám anıq mağlıwmatlar menen támiynlewde joqarı nátiyje beredi.

*Esabat dáwiriniń keleside salıq salınatuğın bazadan shegiriletuğın qárejetleri – investitsion* támiynlew menen baylanıslı bolmağan hám investitsiya menen támiynlenetuğın tiykarğı qurallar bahasına qosılmaytuğın qárejet bántlerinen ibarat. Bular: jańa iskerlik bağdarların ózlestiriw, jańa texnologiyalardı sınap kóriw, jańa texnologiyalardı jaratıw hám jetilistiriw, sonday-aq, ilimiy- izertlewler hám tájiriybe-konstruktorlıq jumısları, basqarıwdıń jańa sistemasın shólkemlestiriw, jańa isshi kúshlerin qabıl etiw, oylap tabıwshılıq, avtorlıq sıylıqların tólew, islep shığarıw liniyaların rawajlandırıw menen baylanıslı qárejetler bolıp esaplanadı. Bul sanap ótilgen qárejet bántleri xojalıq júritiwshi subektlerdiń óz iskerligine jańa texnologiyalardı en jaydırıw menen baylanıslı sarplawların birlestiredi. Sol sebepli qárejetlerdiń bul bántleri, Nızamnıń 2-qosımshası quramında tolıq tákirarlanğan halda, Nızamğa muwapıq, ağımdağı dáwir salıqqa tartılatuğın bazanı anıqlawda esapqa alınbaydı (salıqqa tartılatuğın bazadan shegiriw kóz-qarasınan), yağnıy usı dáwirdiń salıq salınatuğın bazasına kiritiledi. Bul qárejetler keyingi dáwirlerde esapqa alınadı (salıqqa tartılatuğın bazadan shegiriw kóz-qarasınan), yağnıy xojalıqtıń salıq salınatuğın bazasına kiritilmeydi.

Qárejetlerdiń bul bántleri salıq alıw maqsetinde salıq salınatuğın bazağa kiritiw ushın salıqqa tartılatuğın paydada qaytadan esapqa alınadı, sońınan bolsa bul qárejetlerdiń pútkil paydalı múddetleri dawamında yaki 10 jıl dawamında, bul múddetlerdiń qaysı biriniń (waqıtlar boyınsha ayırmashılıqlardıń) qısqa bolıwına qarap, keyinshelli shığarıp taslanadı.

Bul qárejetlerdiń bir dáwir salıq bazasına kiritiliwi, basqa dáwirlerdiń salıq bazalarınan shığarılıwı nátiyjesinde buxgalteriya esabınıń paydası hám salıqqa tartılatuğın payda ortasında ayırmashılıqlar payda boladı, anığıraq aytqanda waqtınsha parıqlardı qáliplestiriledi. Sol orında, buxgalteriya paydası

hám salıqqa tartılatuğın payda hámde waqtınsha parıqlar haqqında qısqasha pikir júritiw orınlı boladı.

*Buxgalteriya (esap) paydası* – salıq nızamshılığına muwapıq, salıqqa tartılatuğın bazaġa qayta qosılıwshı qárejetler inabatqa alınbaġan hám Nızam qaġıydaları tiykarında qáliplesiwshi-«finanslıq nátiyjeler haqqında»ġı esabatta, salıq salıwdan aldıngı payda punkti summasınan ibarat muġdar bolıp tabıladı. Esap paydası «Paydaġa salıqlar» atlı №12-FEXSnıń «Anıqlaw» bólimine muwapıq – «tiyisli dáwir ushın, salıq boyınsha qárejetler shegirilgenge shekem bolġan, xojalıqtıń sap paydası yaki zıyanı». Bul muġdar – salıqlardı ele óz quramında saqlawshı (alınbaġan) yaki zıyanlar menen baylanıslı esaplanġan salıqtıń absolyut kemeyiw summası qosılmaġanġa shekem sáwlelendirilgen hám tosınnanlı bántlerdi óz ishine alġan esabat dáwiriniń jámi dáramatı yaki zıyanı bolıp tabıladı.

*Salıqqa tartılatuğın payda* – bul salıq nızamshılığına muwapıq buxgalteriya paydasına qayta esaplanıwshı qárejetlerdi qosqan halda belgilenetuğın esabat dáwiriniń dáramat (payda yaki zıyan) summası. Salıqqa tartılatuğın payda №12-«Paydaġa salıqlar» atlı FEXSnıń «Anıqlaw» bólimine muwapıq – bul «salıq organları tárepinen belgilengen qaġıydalarġa muwapıq anıqlanıwshı, sáykes túrde payda salıġı tólengenge shekem esabat dáwiriniń paydası (zıyanı)nıń muġdarı». Tólenetuğın salıqlardı esaplaw tártibi Finans ministrligi hám Mámleket Salıq basqarmasınıń tiyisli ywriqnomaları tiykarında ámelge asırıladı hám salıq summaları Ministrler Keńesi tárepinen belgilengen stavkalar tiykarında mámleket byudjetine ótkeriledi.

*Waqtınsha parıqlar* – bul salıqqa tartılatuğın payda hám buxgalteriya paydası ortasındaġı parqtıń bir túri bolıp, bul summalardı anıqlaw waqtında qárejetlerdiń ayırım bántleriniń hár túrli esabat dáwiri esap-kitaplarına kiritiliwiniń nátiyjesi. «Paydaġa salıqlar» atlı №12-FEXS maġlıwmatlarına muwapıq waqtınsha parıqlarġa tómendegishe túsinik berilgen: «Waqtınsha parıqlar – bul aktiv hám májbúriyatlardıń balans bahası menen olardıń salıq bazası ortasındaġı parqı». Bunday parıqlanıw, esabat dáwiri ushın salıqqa

tartılatuġın bazaġa kiritiletuġın dáramat hám qárejetlerdiń ayırım bántleriniń usı dáwir buxgalteriya paydasında inabatqa alınbawı menen sáykes kelmewi nátiyjesinde júzege keletuġın, salıqqa tartılatuġın hám buxgalteriya paydası ortasındaġı parq bolıp tabıladı.

*Salıq salınatuġın bazaġa kiritiletuġın qárejetler (shegirilmeytuġın qárejetler yaki turaqlı ayırmashılıqlar)*-Nızamnıń 1-qosımshasında keltirilgen qárejet bántleri bolıp, olar barlıq qárejet elementleriniń ayırım bántleri qosındısınan quralġan. Olar tolıġınsha yaki tiyisli organlar tárepinen belgilengen normalardan ótken bólimleri buxgalteriya paydasında qayta esapqa alınadı hám xojalıqtıń salıqqa tartılatuġın bazasına kiritiledi. Bul qárejet bántleriniń tek aġımdaġı dáwir salıq paydasına kiritiliwi hám kelesi dáwirlerde ózine tán túrde xojalıqta jáne júzege keliwi sebepli, olar turaqlı xarakterge iye.

Qárejetlerdiń bul bántleri qashan ámelge asırılġan bolıwına qaramastan, «Buxgalteriya esabı haqqında»ġı Nızamġa muwapıq, qaysı dáwirge tiyisli bolsa, sol esabat dáwirinde sáwlelendiriledi. Yaġnıy, bul esabat dáwiri buxgalteriya paydasında qayta esaplanıp, xojalıqtıń salıqqa tartılatuġın paydasına qosıladı. Olar tiyisli esabat dáwiri ushın tán bolıp, kelesi esabat dáwirlerine baylanıssız boladı. Sonıń ushın da bul qárejet bántleri xojalıqtıń salıqqa tartılatuġın paydasınan shegirilmegen halda, buxgalteriya paydası hám salıq salıw paydası ortasındaġı turaqlı ayırmashılıqlardı quraydı.

Usı orında óz aldına sonı aytıp ótiw kerek, salıqqa tartılatuġın payda hám buxgalteriya paydası, olar ortasındaġı parqtı keltirip shıġarıwshı qárejetler boyınsha turaqlı hám waqtınsha ayırmashılıqlar, olardıń kelip shıġıw sebepleri haqqında BEMSlarda maġlıwmatlar berilmegen. Biziń pikirimizshe, xalıq aralıq esap sistemasın ámelde qollanar ekenbiz, milliy standartlarımızda bul túsiniklerdi keńirek ashıp beriwge itibardı kúsheytiw kerek. Sonıń ishinde, bul túsiniklerdi, tuwrıdan-tuwrı baylanıslı huqıqıy tiykar bolıp esaplanġan, «Finanslıq esabattı tayarlaw hám usınıw ushın kontseptual tiykar» BEMSta: «Dáramatlar» bólimine 55(a) hám 55(v) bántlerine kiritiw, olarda «Buxgalteriya paydası» hám «Salıqqa tartılatuġın bazaġa kiritiletuġın qárejetler» túsiniklerine

túsinik beriw anıqlıq deregi bolıp esaplanadı; №1-«Esap siyasatı hám finanslıq esabat» BEMSta: «Finanslıq nátiyjeler haqqındaġı esabatta usınılıwı kerek bolġan maġlıwmat» bóliminen soń «Turaqlı hám waqtınsha parıqlar» bólimin kiritiw hám onda joqarıda bul túsiniklerge berilgen anıqlamalar hám parıqlardı keltirip shıġarıwshı sebepler ashıp beriliwi kerek,- dep oylaymız.

Shegirilmeytuġın qárejetler yaki turaqlı ayırmashılıqlardı payda etiwshi qárejet bántleri quramında dáwir qárejetlerine tiyisli bántler de bar bolıp, olardıń qaysı qárejet toparlarına tiyisliligi kórsetilmegen halda ulıwma túrde sanap ótilgen. Biziń pikirimizshe, Nızamnıń 1-qosımshası quramlı bólimlerinen birin qurawshı, dáwir qárejetleri bántlerin, B-bándiniń 2-bólimin 2.1, 2.2, 2.3-punktlerinde keltirilgen toparlardıń atları astında ajıratılġanlıġı sıyaqlı óz aldına qáliplestiriw zárúr. Sebebi, olardıń finanslıq nátiyjelerge teris tásirde ekenligin hám qosımsha túrde salıq summasınıń artıwında oń tásirde ekenligin názerde tutsaq, salıq bazasınan shegirilmeytuġın (turaqlı parıqlar) dáwir qárejetlerin bunday anıqlıqta shólkemlestiriw, xojalıqta ámelge asırılıp atırġan hám salıq bazasın keńeytip atırġan hár bir dáwir qárejetlerine tiyisli bántlerdiń qaysı toparġa tiyisliligi ústinen qadaġalawdı kúsheytedi. Óz náwbetinde bul tiyisli basqarıw qararları nátiyjeliligin támiynleydi.

Sonı óz aldına sonı aytıp ótiw kerek, biziń pikirimizshe, bildirilgen kóz-qaraslar hám keltirilgen keste maġlıwmatları, tuwrıdan-tuwrı tiykarġı huqıqıy hújjet bolıp esaplanġan Nızamda dáwir qárejetlerin xojalıqlarda júritiwdiń shólkemlestiriwshilik táreplerin optimal anıqlıqta qáliplestiriw imkanın beredi. Bul arqalı, aġımdaġı dáwirde dáwir qárejetlerin normativ tiykarlarda qanshelli unamlı nátiyje beriwshi anıqlıq tártibinde qáliplestirilgenligine, olardı ótken dáwirlerde ámel qılġan tártip hám jáhán tájiriybesinde qollanılıp atırġan házirgi quramlı dúzilis penen salıstırıw arqalı baha beriw imkanına iye boladı.

Aġımdaġı dáwirde respublikamız ekonomikasında ámeldegi Nızam boyınsha dáwir qárejetleri ekonomikalıq elementi hám onıń quramlı bólimlerin ótken dáwirlerde ámel qılġan tártiplerge qarata toparlanıwın salıstırıw múmkin.

1995-jıl ámelge kiritilgen Nızam hám 1999-jılda onı jáne de jetilistirilgen baspasınıń ekonomikaǵa en jaydırılıwı, xojalıqlarda basqarıwdı dáwir qárejetleri haqqında analitikalıq dárejede anıqlıqta maǵlıwmat penen támiynlew dárejesin asırdı.

Bul qárejetler kompleks qárejetler bolıp, olardıń esabı usı toparlar quramına kiriwshi qárejet bántleri boyınsha shólkemlestiriledi. Qárejet bántleri de ekonomikalıq rawajlanıwǵa sáykes túrde ózgertiw hám qosımshalar menen bayıtılıp barılǵan. Bul boyınsha Ministrler Keńesiniń №444 sanlı Qararına tiykarlanıp 1999-jıl 5-fevralda qabıl etilgen Nızamdaǵı dáwir qárejetleri elementine azǵana ózgertiwler kiritilgenliginiń gúwası bolıwımız múmkin.

Ministrler Keńesiniń №54 hám 444-sanlı Qararları tiykarında islep shıǵılǵan dáwir qárejetleri bántlerinde tuwrıdan-tuwrı xojalıqtıń sawda iskerligi qárejetleri, usı baǵdardaǵı tiykarǵı qurallardıń qárejetleri, sawda xızmetkerleriniń miynet protsessleriniń materiallıq támiynatı menen baylanıslı qárejetleri, sonday-aq, sawda tovarları sıpatın saqlaw qárejetleri, iskerlikti rawajlandırıw maqsetindegi bazardı úyreniw hám onda xojalıqtıń óz ornına iye bolıw qárejetleri hámde administrativ iskerlikke baylanıslı jańa qárejet bántleri kiritilgen, olar tiyisli (dáwir) qárejet elementiniń mazmunı jaǵınan jáne de bayıtılǵanlıǵınan derek beredi.

Mámleketimiz ekonomikasında jáhán tájiriybelerinde qolǵa kiritilgen unamlı jeńislerdiń milliy ózgesheliklerin itibarǵa alǵan halda qollanılıwı hám mine usı esap sistemasına en jaydırılıwı, keleside xojalıqlardaǵı dáwir qárejetleriniń júritiliwin jáhán standartlarına beyimlesiwine tiykar bolıwshı huqıqıy hújjetlerde jáne de ápiwayılastırılıwın talap etedi.

Qárejetler quramı haqqındaǵı nızamǵa muwapıq satıw qárejetlerine tómendegiler kiredi:

- ✓ tovarlardı temir jol, hawa, avtomobil, teńiz, dárya transportında hám at-arbada tasıw qárejetleri;
- ✓ tasıw qárejetleri hámde transport quralları biykar turıp qalǵanlıǵı ushın tólengen járiymalar;

✓ sawda hám ulıwma awqatlanıw kárxanaları satıw boyınsha qárejetler, Sonıń ishinde: ónim (jumıslar, xızmetler)di satıw menen baylanıslı miynetke haqı tólew qárejetleri, administrativ-basqarıw xızmetkerlerinen tısqarı;

✓ sotsiallıq qamsızlandırıwġa qárejetler;

✓ sawda talapları ushın paydalanılatuġın binalar, imaratlar hám xanalardı ijaraġa alıw, saqlaw hám dúzetiw qárejetleri;

✓ tiykarġı qurallar hám materiallıq emes aktivler amortizatsiyası;

✓ inventarlar hám xojalıq buyımları bahasın esaptan shıġarıw qárejetleri hámde olardı belgilengen maqsette paydalanıw ushın jaramlı jaġdayda saqlaw (remontlaw, juwıw, dúzetiw, dezinfektsiya qılıw hám t.b.) menen baylanıslı basqa qárejetler;

✓ gaz, janılġı, elektr energiyası qárejetleri;

✓ tovarlardı saqlaw, olarġa islew beriw hám olardı sortlarġa ajıratıw qárejetleri;

✓ sawda reklaması qárejetleri;

✓ oraw-jaylastırıw materiallarınıń qárejetleri;

✓ mal-múlkti májbúriy hám ıqtıyarlı qamsızlandırıw qárejetleri;

✓ miynetti qorġaw hám texnika qáwipsizligi qárejetleri;

✓ ventilyatorlar, mashinalar hám olardıń háreketleniwshi bólimlerin ornatıw hám saqlaw, oyıqlar hám basqalardıń átirapın oraw boyınsha aġımdaġı qárejetler;

✓ ulıwma awqatlanıw hám sawda xızmetkerlerin meditsinalıq kórikten ótkerilgenligi ushın meditsina shólkemlerine haqı tólew;

✓ kassa xojalıġın hám túsim inkassatsiyasın júritiw shıġımları;

✓ ulıwma awqatlanıw kárxanalarında qaġaz salfetkalar, qaġaz dástúrxanlar, qaġaz stakanlar hám tarelkalar, bir márte paydalanılatuġın buyımlar bahası;

✓ satıw bazarların úyreniw boyınsha qárejetler (marketingke, reklamaġa sarplanġan qárejetler);

✓ joqarıda sanap ótilmegen satıw boyınsha basqa qárejetler.

## 2.2. Administrativ-basqarıw qárejetleriniń esabı

Administrativlik qárejetler – iskerlik úzliksizligin támiynlewde zárúr taraw bolıp, basqarıw menen baylanıslı sarplawlardı ańlatadı. Bul qárejet elementi quramına administrativ xızmetkerlerdiń is haqı, sotsiallıq qamsızlandırıwı, xızmet avtomobilleri menen baylanıslı, baylanıs qurallarınıń xızmetleri, xızmet saparları, wákillik qárejetleri, administrativ binalar amortizatsiyası sıyaqlı qárejetler kiredi.

Administrativlik qárejetlerge tómendegiler kiredi:

- ✓ basqarıw xızmetkerlerine tiyisli bolġan miynetke haqı tólew qárejetleri;
- ✓ basqarıw xızmetkerlerine tiyisli bolġan sotsiallıq qamsızlandırıwġa ajıratpalar.
- ✓ xızmet jeńil avtotransportına hám xızmet mikroavtobusın saqlaw, jallaw hám ijaraġa alıw qárejetleri.
- ✓ xojalıq júritiwshi subekt hám onıń quramlı bólinbelerin dúziw hám olardı basqarıw qárejetleri.
- ✓ basqarıwdıń texnikalıq quralları, baylanıs uzelleri, signalizatsiya quralları, esaplaw orayların hám islep shıġarıwġa tiyisli bolmaġan basqarıwdıń basqa texnikalıq qurallarын saqlaw hám olarġa xızmet kórsetiw qárejetleri.
- ✓ telekommunikatsiyalar xızmetleri, sonıń ishinde: jergilikli tarmaqlar; kanallardı ijaraġa beriw; kóshpe, uyalı hám peydjing baylanıs; radiochastota spektrinen paydalanıw; maġlıwmatlardı uzatıw tarmaqları, sonıń ishinde internet ushın haqı tólew.
- ✓ qalalar aralıq hám xalıq aralıq telefon sóylesiwler ushın haqı tólew
- ✓ administrativ-basqarıw talapları maqsetinde binalar hám xanalar ijarası ushın haqı tólew.
- ✓ administrativ áhmiyetke iye bolġan tiykarġı qurallardı saqlaw hám olardı dúzetiw, sonday-aq, eskiriw (amortizatsiya) qárejetleri.
- ✓ joqarı shólkemler hám yuridikalıq shaxslar birlespeleri: ministrlikler, uyımlar, awqamlar, kontsernler hám basqalar qárejetlerine ajıratpalar.

✓ xızmetkerlerdi hám islep shıǵarıw protsesi menen baylanıslı bolmaǵan mal-múlkti májbúriy hám ıqtıyarlı qamsızlandırıw qárejetleri.

✓ basqarıw xızmetkerlerin xızmet saparlarına jiberiw boyınsha qárejetler.

✓ muǵdardaǵı wákillik qárejetleri.

✓ ulıwma awqatlanıw kárxanaları hám basqalarǵa binalardı tegin beriw hám kommunal xızmetler bahasına haqı tólew qárejetleri.

✓ tuwrıdan-tuwrı islep shıǵarıw protsesine tiyisli bolmaǵan, tábiyattı qorǵaw áhmiyetine iye bolǵan jamǵarmalardı saqlaw hám olardan paydalanıw menen baylanıslı aǵımdaǵı qárejetler, tábiyiy átirap ortalıqtı pataslaǵanlıq hám shıǵındılardı taslaǵanlıǵı ushın kompensatsiya tólemleri. (ÓzR MK 15.10.2003-j. 444-sanlı Qararı)

✓ xızmetler bahasın tólew hámde professional basqarıwshı kompaniyalar, mámlekettiń isenimli wákilleri hám isenimli basqarıwshılardıń sıylıqları boyınsha qárejetler.

Biz tómendegi 2.2-kestede «Xalqabat paxta tazalaw» AJiniń administrativlik qárejetleriniń quramıq analizin ótkergenimizde, 2017-jılda jámi dáwir qárejetleriniń administrativlik qárejetleri ótken 2016-jılǵa salıstırǵanda 74391,0 mıń swmǵa kóbeygen. Ósim pátleri bir qansha kórsetkishlerden Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın materiallar  97494,0 mıń swmǵa, Kompter ijarası ushın tólem 55746,0 mıń swmǵa hám tiykarǵı qurallardı ońlaw qárejetleri 32613,0 mıń swmǵa kóbeygenin anıqladıq. Sonıńday, ayırım kórsetkishlerde kemeyiw jaǵdayları bar, bul jaǵday kárxana ushın unamlı esaplanadı. İs haqı 150330,0 mıń swmǵa, birden bir sotsiallıq tólem 37583,0 mıń swmǵa kemeygeni sap paydanıń qáliplesiwnde unamlı tásir etedi. Basqa barlıq kórsetkishlerde jámige salıstırǵanda azlı-kem ózgerislerdi kóriwge boladı.

**«Xalqabat paxta tazalaw» AJiniń administrativlik qárejetleriniń quramıq analizi (mıń swmda)[1]**

2.2-keste.

| № | Shıǵınlar stat`yalardıń ataması | 2016-jıl | Jámige salıstırǵanda úlesi,% | 2017-jıl | Jámige salıstırǵanda úlesi,% | Absolyut parqı (+/-) | Salıstırma parqı (+/-) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Administrativlik shıǵınlar (9420)** | **582918** | **100,00** | **657309** | **100,00** | **+74391,00** | **x** |
| 1. | İs haqı | 341146 | 58,52 | 190816 | 29,03 | -150330,00 | -29,49 |
| 2. | BBST 25% | 85287 | 14,63 | 47704 | 7,26 | -37583,00 | -7,37 |
| 3. | Jumısshılardı hám mu`liklerdi májbu`riy qamsızlandırıw | 30345 | 5,21 | 16742 | 2,55 | -13603,00 | -2,66 |
| 4. | Sapar qárejetleri | 17809 | 3,06 | 20667 | 3,14 | +2858,00 | +0,09 |
| 5. | Xızmet avtotransportların uslap turıw hám jallaw shıǵınları | 1600 | 0,27 | 14400 | 2,19 | +12800,00 | +1,92 |
| 6. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın materiallar | 37089 | 6,36 | 134583 | 20,47 | +97494,00 | +14,11 |
| 7. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın ishimlik suwı | - | 0,00 | 8504 | 1,29 | +8504,00 | +1,29 |
| 8. | Hújjetlerdi arxivte qayta islew | 2200 | 0,38 | - | - | -2200,00 | -0,38 |
| 9. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri keńse buyımaları | - | 0,00 | 23000 | 3,50 | +23000,00 | +3,50 |
| 10. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın janar may shıǵınları | 11749 | 2,02 | 29806 | 4,53 | +18057,00 | +2,52 |
| 11. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri dáwirlik baslımlarǵa jazılıw | 10042 | 1,72 | 1820 | 0,28 | -8222,00 | -1,45 |
| 12. | Admininstratsiya ushın xojalıq ushın tábiyǵıy gaz | - | 0,00 | 12490 | 1,90 | +12490,00 | +1,90 |
| 13. | Gazetaǵa daǵaza beriw | 500 | 0,09 | 600 | 0,09 | +100,00 | +0,01 |
| 14. | Pochta xızmeti ushın shıǵınlar | - | 0,00 | 1390 | 0,21 | +1390,00 | +0,21 |
| 15. | Orgtexnika ońlanıwı ushın shıǵınlar | 2000 | 0,34 | 5200 | 0,79 | +3200,00 | +0,45 |

[1] «Xalqabat paxta tazalaw » AJ finansliq esabatlari

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 16. | ATS tólemi | 10077 | 1,73 | 9479 | 1,44 | -598,00 | -0,29 |
| 17. | Mobil baylanıs ushın tólem | - | 0,00 | 11700 | 1,78 | +11700,00 | +1,78 |
| 18. | Kompter ijarası ushın tólem | - | 0,00 | 55746 | 8,48 | +55746,00 | +8,48 |
| 19. | TQlardı ońlaw | 6700 | 1,15 | 39313 | 5,98 | +32613,00 | +4,83 |
| 20. | TQ hám MEA ushın amortizatsiya qárejetleri | 26374 | 4,52 | 33349 | 5,07 | +6975,00 | +0,55 |

## 2.3. Basqa operatsion qárejetler esabın shólkemlestiriw, olardı jaqsılaw jolları

Basqa operatsion qárejetler hám zıyanlar – kárxanalardıń operativ iskerligi dawamında júzege keletuğın protsessler menen baylanıslı sarplawlardan ibarat. Bular tiykarınan: kadrlar tayarlaw, proekt hám qurılıs-montaj, másláhát hám xabar xızmetleri, auditorlıq xızmetleri, xızmet kórsetiwshiler bolıp esaplanadı.

Basqa operatsion qárejetlerge tómendegiler kiredi:

– kadrlar tayarlaw hám olardı qayta tayarlaw qárejetleri,

– proekt hám qurılıs-montaj jumıslarında shala jumıslardı saplastırıw qárejetlerin qaplaw, sonday-aq, obekt janındağı skladqa shekem transportta tasıw waqtındağı buzılıwlar, korroziyağa qarsı qorğanıw nuqsanları sebepli kelip shıqqan tekseriw qárejetleri (ásbap-úskenelerdi bóleklerge ajıratıw) hám usığan uqsas basqa qárejetler jetkerip beriw hám jumıslardı orınlaw shártlerin buzğan yuridikalıq shaxslar esabına usı qárejetler shala jumıslar, buzılıw yaki zıyan kóriw ushın juwapker bolğan jetkerip beriwshi yaki basqa xojalıq júritiwshi subektler esabına óndiriliwi múmkin bolmağan dárejede ámelge asırıladı.

– másláhát hám xabar xızmetlerine haqı tólew.

– auditorlıq xızmetlerine haqı tólew.

– óziniń xızmet kórsetiwshi islep shığarıwları hám xojalıqlardı saqlawdan kórilgen zıyanlar.

- den-sawlıqtı qorġaw hám xızmetkerlerdiń islep shıġarıw protsesinde tuwrıdan-tuwrı qatnasıwı menen baylanıslı bolmaġan dem alıslardı shólkemlestiriw ilajları.
- xojalıq júritiwshi subektler tárepinen ónim islep shıġarıw menen baylanıslı bolmaġan jumıslar (xızmetler)dı (qala hám qalashalardı abadanlastırıw jumısları, awıl xojalıġına járdem beriw hám basqa da jumıslardı) orınlaw qárejetleri.
- kompensatsiya hám sıylıqlaw túrindegi tólemler:
- Ózbekistan Respublikası Húkimetiniń qararlarına muwapıq kompensatsiya tólemleri.
- bir márte beriletuġın sıylıqlar, jıl dawamındaġı jumıs juwmaqları boyınsha sıylıqlawlar, uzaq múddet islegenligi ushın sıylıqlaw hám tólemler, sonıń ishinde xojalıq júritiwshi subekttiń óz qararına muwapıq natura menen tólemler, sonday-aq jalġız sotsiallıq tólem summası, olar boyınsha esaplanġan haqı.
- Nızam hújjetlerine yaki xojalıq júritiwshi subekttiń óziniń qararına muwapıq májbúriy progul waqtı yaki pás haqı tólenetuġın jumıstı orınlaġanlıġı ushın haqı tólew.
- waqtınsha miynet qábiletin joġaltqan jaġdayda nızam hújjetleri menen belgilengen haqıyqıy is haqı muġdarına shekem qosımsha haqı.
- tiykarġı jumıs ornı boyınsha jumısshılarġa, xojalıq júritiwshi subekttiń isshi hám qánigelerine olar jumıstan bosaġan halda qánigeligin asırıw hám kadrlardı qayta tayarlaw sistemasında oqıġan waqıtta is haqı tólew.
- nızam hújjetlerine muwapıq 12 jasqa tolmaġan eki hám onnan artıq balası yaki 16 jasqa tolmaġan nagiran balası bar bolġan hayallarġa berilgen qosımsha dem alısqa haqı tólew.
- xızmetkerlerge tovarlar, ónimler hám basqa zatlardı biypul beriw yaki xızmetkerler ushın jumıslar, xızmetlerdi orınlaw.
- xızmetkerlerdiń (awqatlanıwı, jol kireyi, emleniw hám dem alıwġa, ekskursiya hám sayaxatlarġa jollanbaları, sport sektsiyalarında, dógereklerde,

klublardaġı shınıġıwları, mádeniy-kewilashar hám dene tárbiya (sport) ilajlarına qatnasıwı, xızmetkerlerdiń jeke tutınıwı hámde basqa usıġan uqsas tólemleri) qárejetlerin qaplaw.

- is haqını esaplawda esapqa alınbaytuġın tólemler hám qárejetler:
- nızamshılıqqa muwapıq balanı eki jasqa tolġanġa shekem kútiw boyınsha hár aylıq napaqanı tólew boyınsha qárejetler.
- pensiyalarġa ústemeler, pensiyaġa shıġıp atırġan miynet veteranlarına bir márte tólenetuġın napaqalar.
- ámeldegi nızamshılıqqa muwapıq xojalıq júritiwshi subektlerden olardıń qayta dúziliwi, xızmetkerler hám shtatlar sanınıń qısqarıwı múnásibeti menen bosap qalatuġın xızmetkerlerge tólemler.
- xızmetkerlerge tólenetuġın materiallıq járdem.
- den-sawlıqtı saqlaw obektleri, qariyalar hám nagiranlar úyleri, balalar mektepke shekemgi tárbiya shólkemleri, saġlamlastırıw lagerleri, mádeniyat hám sport obektleri, xalıq bilimlendiriw shólkemleri, sonday-aq, úy-jay fondı obektleri támiynatına (sonıń ishinde, barlıq túrdegi remontlaw jumısların ótkeriwge amortizatsiya ajıratpaları hám qárejetlerdi de qosqan halda) qárejetler.
- waqtınsha toqtatıp qoyılġan islep shıġarıw quwatılılıqları hám obektlerin saqlaw qárejetleri (basqa derekler esabına qaplanatuġın qárejetlerden tısqarı).
- bank hám depozitariy xızmetlerine tólemler.
- ekologiya, saġlamlastırıw hám basqa qayırqomlıq jamġarmalarına, mádeniyat, xalıq bilimlendiriwi, den-sawlıqtı saqlaw, sotsiallıq támiynat, dene tárbiya hám sport kárxanaları, shólkemleri hám uyımlarına tólemler.
- ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq ámelge asırılatuġın hám xojalıq júritiwshi subekt qárejetlerine kiritiletuġın byudjetke májbúriy tólemler, salıqlar, jıyınlar, mámleket maqsetli jamġarmalarına ajıratpalar, sonday-aq húkimet qararlarına muwapıq xalıq aralıq shólkemlerge aġzalıq tólemlerin tólew.
- zıyanlar, járiymalar, penyalar:

– biykar etilgen islep shıġarıw buyırtpaları boyınsha joġaltıwlar.
– materiallıq baylıqlardıń, tuwrıdan-tuwrı islep shıġarıw protsesine tiyisli bolmaġan joġaltıwlar hámde kemislikler.
– islep shıġarıw zapasların hám tayar ónimdi eń tómen bahalaw usılı yaki satıwdıń sap bahası boyınsha qayta bahalaw yaki bahasın páseytiw nátiyjesindegi zıyanlar.
– ıdıslarġa tiyisli jumıslar boyınsha zıyanlar.
– sud qárejetleri.
– tóleniwi shubhalı qarızlar boyınsha zapasqa ajıratpalar.

Nızamshılıqqa muwapıq dawa bildiriw múddeti ótken hám óndiriw real bolmaġan basqa qarızlar boyınsha debitorlıq qarızlardı esaptan shıġarıwdan kórilgen zıyanlar, sonday-aq, nızamshılıqqa muwapıq yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar menen esap-kitaplar boyınsha tóleniwi shubhalı qarızlardı esaptan shıġarıwdan kórilgen zıyanlar.

- esabat jılında anıqlanġan ótken jıllar operatsiyaları boyınsha kórilgen zıyanlar.
- tábiyiy apatlar (islep shıġarıw zapasları, tayar ónimler hám basqa materiallıq baylıqlardıń nabıt bolıwı hám buzılıwı, islep shıġarıwdıń toqtawı hám basqalar sebepli joġaltıwlar) sebepli kórilgen qaplanbaytuġın joġaltıwlar hám zıyanlar, sonıń ishinde, tábiyiy apatlar aqıbetleriniń aldın alıw yaki aqıbetlerin saplastırıw menen baylanıslı qárejetler.
- ayıpkerleri anıqlanbaġan urlıqlardan yaki ayıpker tárep esabınan zárúr summanı óndiriw múmkin bolmaġan jaġdaylarda kórilgen zıyanlar.
- xojalıq júritiwshi subekttiń tiykarġı quralları hám basqa mal-múlki (aktivleri)niń shıġıp ketiwi (balanstan shıġarıw)nen kórilgen zıyanlar. Xojalıq shártnamaları shártleriniń, sonıń ishinde, ónimdi jetkerip beriwshiler hám debitorlar ayıbı menen buzılġanlıġı ushın belgilengen yaki aytılġan járiymalar, penyalar, waqtında tólenbegen tólemler hám basqa túrdegi sanktsiyalar, sonday-aq, jetkerilgen zıyanlardı tólew boyınsha qárejetler.

- salıq nızamı hám basqa nızamlardı buzġanlıq ushın járiyma hám penyalar.
- tólengen basqa járiymalar.
- xızmetkerlerge beriletuġın yaki jármemshi xojalıqlar tárepinen xojalıq júritiwshi subekttiń ulıwma awqatlanıw kárxanası ushın islep shıġarılatuġın ónim (jumıslar, xızmetler) boyınsha baha ayırmashılıqları.
- gudvill (firma bahası)diń materiallıq emes aktivi summasın esaptan shıġarıw menen baylanıslı qárejetler, islep shıġarıw protsesi menen baylanıslı bolmaġan mal-múlk boyınsha, belgilengen tártipte.
- jańa texnologiyalar jaratıw hám qollanılıp atırġan texnologiyalardı jetilistiriw, sonday-aq ilimiy-izertlew, tájiriybe-konstruktorlıq jumısların alıp barıw, shiyki zat hám materiallardıń jańa túrlerin jaratıw, islep shıġarıwdı qayta úskenelew menen baylanıslı ónimler sıpatın asırıw qárejetleri.
- islep shıġarıw túrindegi oylap tabıwshılıq, ratsionalizatorlıq, tájiriybe-eksperiment jumısların alıp barıw, oylap tabıwshılıq hám ratsionalizatorlıq usınısları boyınsha modeller hám úlgilerdi tayarlaw hám sanaw, kórgizbeler hám kórikler, tańlawlardı, sertifikatlawdı hámde oylap tabıwshılıq hám ratsionalizatorlıq boyınsha basqa ilajlardı shólkemlestiriw, avtorlar haqın tólew qárejetleri hám basqa qárejetler.
- ijaraġa berilgen tiykarġı qurallardı támiynlew qárejetleri.
- basqa qárejetler.

Esabat dáwiriniń keleside salıq salınatuġın bazadan shıġarılatuġın qárejetlerine de toqtalıw kerek. Bul bólimde investitsiya menen támiynlew menen baylanıslı bolmaġan hám investitsiya menen támiynlenetuġın tiykarġı qurallar bahasına qosılmaytuġın qárejetler sanap ótilgen.

- xojalıq júritiwshi jańa subektler, islep shıġarıwlar, tsexlar, agregatlardı ózlestiriwge qárejetler:
- mashina hám mexanizmlerdiń ayırım túrlerin jeke tártipte sınap kóriw hámde barlıq túrdegi ásbap-úskeneler hám texnikalıq qurılmalardı olardıń

ornatılıw sıpatın tekserip kóriw maqsetinde (islemey atırġan jaġdayda) kompleks sınap kóriw.

- ásbap-úskenelerdi islep shıġarġan zavodlar yaki olardıń tapsırmasına muwapıq qánigelestirilgen kárxanalar tárepinen ámelge asırılatuġın shefmontaj.
- qurılıp atırġan kárxana direktsiyasınıń, direktsiya bolmaġan jaġdayda – texnikalıq qadaġalaw toparınıń qárejetleri (administrativlik qárejetler), sonday-aq, xojalıq júritiwshi jańa subektler hám obektlerdi paydalanıwġa qabıl etip alıw menen baylanıslı qárejetler.
- jańa iske túsiriletuġın xojalıq júritiwshi subektlerde islew ushın kadrlar tayarlawġa qárejetler.
- jańa texnologiyalardı jaratıw hám qollanılıp atırġan texnologiyalardı jetilistiriw boyınsha, sonday-aq, ilimiy izertlewler, tájiriybe-konstruktorlıq jumısların ótkeriw, shiyki zat hám materiallardıń jańa túrlerin jaratıw, islep shıġarıwdı qayta úskenelew menen baylanıslı bolġan ónimler sıpatın asırıw boyınsha qárejetler.
- basqarıw sistemaları hám qurallarır jaratıw hámde jetilistiriw boyınsha qárejetler.
- seriyalı hám keń kólemde shıġarılatuġın ónimlerdiń jańa túrlerin islep shıġarıwdı hámde texnologiyalıq protsesslerdi tayarlaw hám ózlestiriw qárejetleri.
- nızamshılıqqa muwapıq isshi kúshlerin qabıl etiw menen baylanıslı qárejetler.
- oylap tabıwshılıq hám islep shıġarıw túrindegi ratsionalizatorlıqqa, tájiriybe-sınaw jumısların ótkeriw, oylap tabıwlar hám ratsionalizatorlıq usınıslar boyınsha modeller hám úlgilerdi tayarlaw hám sınap kóriw, oylap tabıwshılıq hám ratsionalizatorlıq boyınsha kórgizbeler hám kórikler, tańlawlar, sertifikatlawdı hámde basqa ilajlardı shólkemlestiriw, avtorlıq sıylıqların tólew hámde basqa qárejetler.

- qazılmalardı qazıp alıw tarawlarındaǵı tayarlıq jumıslarınıń qárejetleri, eger olar kapital qárejetlerge tiyisli bolmasa (yaǵnıy tiykarǵı fondlar sıpatında investitsiya menen támiynlenbese).
- xojalıq júritiwshi subektlerdi, islep shıǵarıw liniyaların rawajlandırıw (jetilistiriw) qárejetleri.

# III BAP. DÁWİR QÁREJETLERİ AUDİTİNİŃ SHÓLKEMLESTİRİWSHILİK HÁM METODİKALÍQ TÁ REPLERİ , OLARDÍ JETİLİSTİRİW

## 3.1. Dáwir qárejetleri auditin shólkemlestiriw hám rejelestiriw

Finanslıq nátiyjeler auditinde dáwir sarplawların puxta tekseriw úlken áhmiyetke iye. Dáwir qárejetleri hám tiykarġı iskerliktiń basqa dáramatların tekseriw tiykarġı iskerlik finanslıq nátiyjeleri auditiniń juwmaqlawshı basqıshında ámelge asırıladı. H.N.Musaevtıń aytıwınsha: «Dáwir qárejetleriniń auditi Ózbekistan Respublikası Salıq Kodeksi, Ministrler Keńesiniń qárejetler quramı hám finanslıq nátiyjelerdiń qáliplesiwi haqqındaġı Nızamı hámde buxgalteriya esabı milliy standartlarınıń 4-«Tovar-materiallıq zapaslar» standartı tiykarında ámelge asırıladı». [21.139 b.]. Bul pikirge tolıq qosılıw qıyın. Onıń birinshi bólimi haqqında M.M.Twlaxodjaeva (22.118 b.), R.D.Dwsmuratov (19.470 b.) hám Sh.M.Ergashevlar (43.260 b.) pikir bildirgen. Sonı aytıp ótiw kerek, keyingi eki derekte dáwir qárejetlerin túrleri boyınsha tekseriw máselelerine tolıq jantasılġan.

Dáwir qárejetleriniń juwmaqlawshı finanslıq nátiyjege tásir kórsetiwi hám onı jańasha anıqlaw boyınsha Sh.M.Ergashev mınaday pikir bildirgen: «Dáwir qárejetleri – óndiris protsesi iskerligin, úzliksizligin támiynlew, basqarıw hám kárxananı ulıwma tártipke salıp turıw menen baylanıslı tuwrıdan-tuwrı finanslıq nátiyje esabınan qaplanatuġın sarplawlar bolıp tabıladı». [43.10 b.].

Haqıyqatında da, «Qárejetler quramı ... haqqındaġı Nızam»ġa muwapıq, dáwir qárejetleri realizatsiya qárejetleri, administrativlik qárejetler, basqa operatsion qárejetler hámde keleside salıqqa tartılatuġın bazadan shıġarılatuġın esabat dáwiri qárejetlerine bólinip, «Finanslıq nátiyjeler haqqındaġı esabat»ta óz aldına sáwlelendiriledi (2-forma, 040 qatar jámi (050+060+070+080)). Bunda finanslıq esabattıń dáwir qárejetleri menen baylanıslı basqa bántlerin auditorlıq tekseriwinen ótkeriw nátiyjelerinen de keń paydalanıw zárúr. Auditorlıq ámeliyatı sonı kórsetpekte, dáwir qárejetlerine qarata ishki qadaġalaw sisteması hám buxgalteriya esabı sisteması óz aldına bahalanbaydı. Sol sebepli, biziń

pikirimizshe, dáwir qárejetlerin tekseriw waqtında tiykarınan tómendegilerdi anıqlaw zárúr:

– realizatsiyaġa tiyisli qárejetlerdiń durıs hám tolıq sáwlelendiriliwi;
– administrativlik qárejetlerdi sáwlelendiriwdiń durıslıġı;
– operatsiyalardı basqa operatsion qárejetler quramına qosıwdıń durıslıġı;
– 9410-«Satıw qárejetleri», 9420-«Administrativlik qárejetler», 9430-«Basqa operatsion qárejetler», 9440-«Keleside salıqqa tartılatuġın bazadan shıġarılatuġın esabat dáwiri qárejetleri» schyotları boyınsha sintetikalıq hám analitikalıq esap jazıwlarınıń Bas dápter jazıwlarına hám «Finanslıq nátiyjeler haqqındaġı esabat» kórsetkishlerine (2-forma, 040 qatar jámi (050+060+070+080)) sáykes keliwi.

Auditor dáwir qárejetleri auditin rejelestiriwde olardıń túrlerin klient-kárxana sharayatınan kelip shıqqan halda anıqlawı hám óziniń professional oylawına tayanıp, olardan qaysılarına qarata esabattıń basqa bántlerin tekseriw waqtında auditorlıq dálilleri alınıwı múmkinligin, qaysıları basqa bir auditorlıq ámellerin qollanġan halda tekseriliwin anıqlawı kerek.

Dáwir qárejetlerin tekseriw ushın auditor olardan áhmiyetlilik dárejesine jaqın yaki onnan asıp ketkenlerin hámde dáwir qárejetlerine alıp barılmawı kerek bolġanların tańlap aladı. Derlik barlıq waqıt satıw qárejetleri, administrativlik qárejetler, basqa operatsion qárejetler hámde keleside salıqqa tartılatuġın bazadan shıġarılatuġın esabat dáwiri qárejetleri, hátte olardıń summası onshelli úlken bolmasa da, tańlawġa kiritiliwi kerek. Tekseriw ushın auditor dáwir qárejetleri boyınsha kórsetkishlerden tiykarsız túrde qatań ózgergen yaki ózgeriwi kerek bolġan dárejede ózgermegen bántlerdi tańlap alıwı zárúr. Jıl dawamında satıw qárejetleri keskin páseyip ketkende, bunday qárejetler ótken esabat dáwirine qarata qatań túrde páseyip ketiwin kútiw múmkin. Auditor analiz ámellerine tiykarlanġan halda realizatsiyaġa tiyisli barlıq qárejet bántleri de dáwir qárejetleri quramına kiritilmegenligi haqqında juwmaqqa keliwi múmkin.

Bundan tısqarı, auditor finanslıq esabatqa ótken esabat dáwirindegi dáwir qárejetleri haqqındaǵı kórsetkishler de qosılıwı hám bul kórsetkishler auditorlıq juwmaǵı dúziliwi kerek bolǵan finanslıq esabattıń ajıralmas bólimi ekenligin itibarda tutıwı kerek.

*710 «Salıstırılıwshı kórsetkishler» atlı AXS* auditordan ótken dáwir ushın dáwir qárejetleri haqqındaǵı kórsetkishler finanslıq esabatta onı dúziwdiń ulıwma printsiplerine muwapıq usınılǵanlıǵı haqqında jeterli auditorlıq dálillerdi toplawdı talap etedi. Ótken dáwir ushın dáwir qárejetleriniń kórsetkishleri aǵımdaǵı dáwirdiń finanslıq esabatında durıs klassifikatsiyalanǵanlıǵı hám usınılǵanlıǵına isenim payda etiw zárúr. Auditor ótken esabat dáwiri ushın dáwir qárejetleri boyınsha esap siyasatı esabat dáwiriniń esap siyasatına sáykes keliwin de anıqlawı kerek.

Esap siyasatına ózgertiwler kiritilgenligi anıqlanǵanda bolsa auditor islengen dúzetiwlerdi hám esap siyasatınıń ózgeriwi haqqındaǵı xabarlardıń №1 «Esap siyasatı hám finanslıq esabat» atlı BEMS talaplarına muwapıqlıǵın tekseredi. Bunda auditor ótken esabat dáwirindegi dáwir qárejetleri kórsetkishleriniń ótken esabat dáwirindegi esabatta sáwlelendirilgen kórsetkishlerge sáykesligi, bul kórsetkishlerge dúzetiw kiritilgende, olardıń ashıp beriw xarakteri hám muǵdarı anıqlanadı. Sonday-aq, dáwir qárejetleriniń ayırım túrlerin esabatta tán alıw tártibi ózgermegenligine isenim payda etiwi zárúr. Esap siyasatına ózgertiwler kiritilgenligi anıqlanǵanda auditor zárúr dúzetiwlerdiń bar ekenligin hám esap siyasatındaǵı ózgertiwler mazmunınıń ashıp berilgenligin hám olardıń finanslıq nátiyjeler haqqındaǵı esabat (2-forma) kórsetkishlerine, sonıń ishinde, 040 qatar (050+060+070+080) kórsetkishlerine hámde finanslıq esabattıń basqa formaları kórsetkishlerine tásirin de tekseredi.

Aǵımdaǵı dáwir ushın «Finanslıq nátiyjeler haqqındaǵı esabat» (2-forma)taǵı dáwir qárejetleri kórsetkishleriniń ótken dáwir ushın finanslıq esabatta sáwlelendirilgen uqsas kórsetkishlerge sáykesligin tekseriwde, auditor bul kórsetkishlerdi salıstırıwı kerek. Olardıń sáykes kelmewi esap siyasatınıń ózgeriwi, aldıńǵı dáwirdegi esabatqa kiritilgen ózgertiwler hám basqa sebepler

menen baylanıslı bolıwı múmkin. Bunday sharayatta auditor barlıq kiritilgen dúzetiwler hám ózgertiwler finanslıq esabatta hámde oǵan berilgen túsindiriwlerde tiyisli túrde ashıp berilgenligine isenim payda etiwi kerek.

Eger ótken dáwirdegi finanslıq esabat basqa auditorlıq shólkemi tárepinen tastıyıqlanǵan bolsa, №510 «Birlemshi kelisimler-baslanǵısh qaldıqlar» atlı AXS qaǵıydaların qollanıwı zárúr. Auditor №710 AXSqa muwapıq, auditorlıq juwmaǵında ótken dáwir ushın finanslıq esabat basqa auditor tárepinen tekserilgenligin hám berilgen auditorlıq juwmaǵınıń túrin hámde sánesin kórsetiwi kerek.

Egerde ótken dáwir ushın esabat auditorlıq tekseriwinen ótkerilmegen bolsa, auditor auditorlıq juwmaǵında aǵımdaǵı dáwir esabatındaǵı usı dáwirdiń esabat kórsetkishleri auditorlıq tekseriwinen ótkerilmegenligin kórsetiwi kerek. Tekseriw protsesinde aldıńǵı jıl ushın dáwir qárejetleri kórsetkishlerinde qatań qáteshilikler anıqlanǵanda, auditor tekserilip atırǵan kárxana administratsiyası menen ózgertiwler kiritiw zárúrligi haqqındaǵı máseleni sheshiwi kerek.

Auditor kárxana esabatında sáwlelendirilgen barlıq kárxanaǵa tán bolmaǵan qárejetlerdi hám olardı júzege keltirgen operatsiyalardı tekseriwge arnawlı itibar qaratıwı kerek.

Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, dáwir qárejetlerin tekseriw ushın finanslıq nátiyjeler auditiniń jumıs dástúrine tómendegi arnawlı bólimdi kiritiw usınıladı (1.3-keste).

3.1- keste

**Finanslıq nátiyjeler boyınsha audit dástúriniń «Dáwir qárejetleri auditi» bólimi**[1]

| *Q/s №* | *Dáwir qárejetlerin finanslıq esabatta sáwlelendiriliw printsipleri* | *Audit baġdarları* |
|---|---|---|
| 1 | **Júzege keliw, tolıqlıq** | a) esabatta sáwlelendirilgen dáwir qárejetleri haqıyqatta islengenligine isenim payda etiw;<br>b) esabatta sáwlelendirilgen dáwir qárejetleri esabat dáwirine tiyisliligine isenim payda etiw |
| 2 | **Barlıq hám tolıqlıq** | a) dáwir qárejetleri kárxana esabatında tolıq sáwlelendirilgenligi hám sáwlelendirilmegen qárejetler joqlıġına isenim payda etiw |
| 3 | **Bahalaw, anıq ólshew** | a) esabatta sáwlelendirilgen dáwir qárejetleri durıs bahalanganlıġına isenim payda etiw |
| 4 | **Prezentatsiya hám ashıp beriw** | a) dáwir qárejetleriniń esabatta durıs klassifikatsiyalanġanlıġına isenim payda etiw;<br>b) dáwir qárejetleri haqqındaġı barlıq áhmiyetli xabarlar tolıq hám tiyisli túrde kárxana finanslıq esabatında ashıp berilgenligine isenim payda etiw |

## 3.2. Dáwir qárejetleri auditiniń metodlarin qáliplestiriw

Biziń pikirimizshe, dáwir qárejetlerin hújjetli tekseriw eki usıl: *deduktiv usıl* (quramalıdan ápiwayıġa, yaġnıy joqarıdan tómenge qarap) hám *induktiv usıl* (ápiwayıdan quramalıġa, yaġnıy tómennen joqarıġa tárep) qollanılıwı maqsetke muwapıq.

Birinshi usılda, auditor dáwir qárejetlerin tekseriwde olardıń jasalma túrde páseytirilmegenligin anıqlawı, yaġnıy olar ónim (jumıs, xızmet)lerdiń ózine túser bahasına kiritiw hám salıqqa tartılatuġın bazanı kemeytiw, nátiyjede, dáramattıń bir bólimin jasırıw maqsetinde páseytirilmegenligine isenim payda etiwi kerek. Bunda esabat hám buxgalteriya esabı jazıwlarınan dáslepki hújjetlerge qaray tekseriw tártibi usınıladı. Bul buxgalteriya esabı hám esabatında sáwlelendirilgen dáwir qárejetleri haqıyqattan da kárxana tárepinen ámelge asırılġanlıġı haqqında jeterli dálillerge iye bolıwġa imkan beredi.

[1] magistranttın’ izertlewleri tiykarında islep shıg’ılg’an

Sonday-aq, dáwir qárejetleri jasalma túrde páseytirilmegenligi tekserilgeninen soń, auditor kárxanada islengen dáwir qárejetleri esabatta tolıq sáwlelendirilgenligi haqqında isenim payda etiwi kerek.

Bunıń ushın tekseriwdi dáslepki hújjetlerden buxgalteriya esabı jazıwları hám esabatqa tárep ámelge asırıw usınıladı.

Joqarıda aytılġanlar tiykarında dáwir qárejetlerin hújjetli tekseriw ushın tómendegi algoritm islep shıġıldı (3.1sızılma).

Auditor esabatta sáwlelendirilgen dáwir qárejetleri haqıyqatta islengenligine isenim payda etiwi kerek. Bunıń ushın tiyisli qárejetlerdi tastıyıqlawshı dáslepki hújjetler analizleniwi zárúr. Bunnan tısqarı, xojalıq iskerligi faktleriniń waqıt boyınsha muwapıqlıq printsipiniń de buzılmaġanlıġı anıqlanıwı zárúr.

Bunıń ushın buxgalteriya esabında esabat dáwiri sońlarında sáwlelendirilgen qárejetlerdi tańlap, tiyisli dáslepki hújjetlerdi úyreniw hám bul qárejetlerdi ámelge asırıw huqıqı kárxanada esabat dáwirinde júzege kelgenligine isenim payda etiw zárúr.

Dáwir qárejetlerin tekseriw waqtında auditor olardıń kárxana esabatında tolıq hám óz waqtında sáwlelendirilgenligine hámde sáwlelendirilmegen qárejetler joqlıġına da isenim payda etiwi kerek.

Dáwir qárejetleri esabatta durıs bahada sáwlelendiriliwi kerek. Auditor olardı buxgalteriya esabı maġlıwmatları hám dáslepki hújjetler (máselen, jumıs waqtın esapqa alıw tabeli, materiallıq baylıqlardı esaptan shıġarıw dalolatnoması, debitor qarızlardı esaptan shıġarıw dalolatnoması) maġlıwmatları menen salıstırıp, tómendegi usıllar járdeminde tekseredi: arifmetikalıq qayta esaplaw (administrativ basqarıw xızmetkerlerine esaplanġan is haqını hám t.b.) hám qárejetlerdi esaplawdıń tiykarlılıġı hámde esap-kitaplardıń durıslıġı.

Auditor dáwir qárejetleriniń esabatta durıs klassifikatsiyalanġanlıġın da anıqlawı kerek. Dáwir qárejetleri ÓzR Finans Ministriniń 2002-jıl 27-dekabr 140-sanlı buyrıġı menen tastıyıqlanġan «Finanslıq esabat formaları hám olardı toltırıw qaġıydaları»na muwapıq, esabatta *satıw qárejetleri, administrativlik*

*qárejetler hám basqa operatsion qárejetlerge* bólinedi. Sonı aytıp ótiw kerek, bul klassifikatsiyalaw «Qárejetler quramı ... haqqındaǵı Nızam»da keltirilgen klassifikatsiyalawǵa tolıq sáykes keledi.




**3.1-sızılma. Dáwir qárejetlerin tekseriw algoritmi**[1]

Auditor «Finanslıq nátiyjeler haqqındaǵı esabat»tıń hár bir bánti (050, 060, 070, 080 qatarlar) boyınsha sáwlelendirilgen dáwir qárejetleriniń tolıq dizimi (rasshifrovkası)n klient kárxanadan talap etip alıwı yaki ózi ǵárezsiz dúziwi múmkin. Bunnan soń, ol dáwir qárejetlerine alıp barılǵan summalardıń

---
[1] magistranttın’ izertlewleri tiykarında islep shıg’ılg’an.

kategoriyaları boyınsha durıslığın tańlap tekseriwi zárúr. Dáwir qárejetleriniń sáwlelendiriliwin tekseriw waqtında tómendegi auditorlıq ámellerin qollanıw maqsetke muwapıq: dáslepki hújjetler menen salıstırıw (keleside salıqqa tartılatuġın bazadan shıġarılatuġın esabat dáwiri qárejetlerin de qosqan halda); dáwir qárejetlerin ol yaki bul dáwirlerge durıs alıp barılġanlıġın tekseriw; dáwir qárejetlerin esapqa alıwshı schyotlarda (9410, 9420,9430, 9440) toplanġan maġlıwmatlardı analizlew, analizli ámeller (aġımdaġı hám ótken dáwirdegi dáwir qárejetlerin pútinliginshe hám bántleri boyınsha salıstırıw).

Qárejetlerdi dáwir qárejetleri quramına kiritiwdiń nızamlılıġın tekseriw waqtında bolsa, tómendegilerdi anıqlaw zárúr:

– dáwir qárejetleriniń aġımdaġı esapta hám «Finanslıq nátiyjeler haqqındaġı» esabatta durıs klassifikatsiyalanġanlıġı;
– dáwir qárejetleri boyınsha islengen haqıyqıy qárejetler ornatılġan limitler hám normativlerden asıp ketpegenligi;
– keleside salıqqa tartılatuġın bazadan shıġarılatuġın esabat dáwiri qárejetleriniń durıs sáwlelendirilgenligi.

Auditor tekseriwdi juwmaqlaw waqtında kárxananıń finanslıq esabatında hám oġan túsindiriwlerde dáwir qárejetlerine tiyisli barlıq áhmiyetli xabarlar jeterli dárejede ashıp berilgenligine isenim payda etiwi kerek. Biziń pikirimizshe, kárxananıń esap siyasatı haqqındaġı xabarlar quramında finanslıq esabattıń dáwir qárejetleri bólimi boyınsha eń keminde tómendegi maġlıwmatlar ashıp beriliwi kerek:

– dáwir qárejetlerin tán alıw haqqındaġı;
– dáwir qárejetleriniń summaların anıqlaw haqqındaġı;
– satıw qárejetleri hám administrativlik qárejetlerdiń elementler boyınsha klassifikatsiyalanıwı haqqındaġı;
– basqa operatsion qárejetlerdiń buxgalteriya esabı qaġıydaları hám kárxana esap siyasatına sáykesligi haqqındaġı.

Buxgalteriya esabı qağıydalarına qarata, basqa operatsion qárejetler quramına ótkeriletuğın, tiykarğı qurallar hám basqa aktivlerdiń shığıp ketiwinen kórilgen zıyanlar finanslıq esabatta óz aldına ashıp beriledi.




**3.2-sızılma. Dáwir qárejetlerin tolıq auditorlıq tekseriwinen ótkeriw tártibi.**

Auditor ağımdağı buxgalteriya esabı sistemasınıń dáwir qárejetleri haqqındağı xabarlardı satıw qárejetleri, administrativlik qárejetler hám basqa operatsion qárejetler bağdarında ashıp beriw imkaniyatın bahalawı kerek.

Buxgalteriya esabı qağıydalarına muwapıq, kapitallasıw menen baylanıslı bolmağan hám kapitallasatuğın tiykarğı qurallar bahasına qosılmaytuğın, keleside salıqqa tartılatuğın bazadan shığarılatuğın esabat dáwiri qárejetleri finanslıq esabatta óz aldına arnawlı ashıp beriledi.

Eger auditor pikirine qaray, dáwir qárejetleri haqqındaģı qaysıdur áhmiyetli xabar finanslıq esabatta hám oģan berilgen túsindiriwlerde ulıwma ashıp berilmegen yaki jeterli dárejede ashıp berilmegen bolsa, auditor bul fakttiń finanslıq esabat hám auditorlıq juwmaģı isenimliligine tásirin de bahalawı kerek.

### 3.3. Dáwir qárejetleri analizin shólkemlestiriw hám onı jaqsılaw jolları

Dáwir qárejetleri analizin durıs júritiw ushın, aldın-ala, analizlenetuģın maģlıwmatlardıń sıpatın aldınnan tekseriw kerek. Durıs hám maydalap tekserilgen maģlıwmatlar tiykarında ģana usı qárejet elementleriniń nátiyjeli táreplerin kórsetiw, kemshiliklerdi ashıp beriw hám nátiyjeliligin jaqsılawģa tiyisli ilajlardı belgilew múmkin.

Usı orında sonı óz aldına aytıp ótiw kerek, búgingi kúnde ekonomikalıq analizge tiyisli kópshilik ádebiyat hám dereklerde dáwir qárejetlerin analizlew baģdarları hám metodları jeterli dárejede ashıp berilmegen. Ónimniń ózine túser bahasın qurawshı islep shıģarıw qárejetleriniń analizlew protsessleri hám basqıshlarına kóbirek itibar berilgen. Sebebi, islep shıģarıw qárejetlerin analizlew metodikası boyınsha biziń ekonomikalıq sistemamızda kóp jıllıq tájiriybe bar. Kerisinshe, dáwir qárejetlerin analizlew boyınsha ámeliy tájiriybelerdiń júdá az ekenligi, bul baģdardaģı analiz metodikasınıń tolıq qáliplespegenliginen derek beredi. Bunıń sebebi, dáwir qárejetleri hám ol menen baylanıslı «qısqartılģan ózine túser baha» sistemasınıń ekonomikamızģa jaqında ģana, yaģnıy Nızamnıń ámelge kiritiliwi dáwirindegi qısqa waqıt aralıģı menen túsindiriledi.

Nızam ámelge kiritilgenge shekem dáwir qárejetleriniń ulıwmaxojalıqlıq qárejetleri sıpatında sáwlelendirilip, ónimniń ózine túser bahasınıń bir bólimin quraģan, anıģıraģı, ayırım kriteriyalarģa qarata islep shıģarılģan ónimlerdiń ózine túser bahasına bólistirilgen. Sol sebepli bul qárejet elementleriniń analizi ónimniń ózine túser bahası analizi quramında ámelge asırılģan. Ónimniń ózine túser bahası kárxanalar iskerliginiń tiykarģı sıpat kórsetkishlerinen biri bolıp tabıladı. Bazar qatnasıqlarınıń qáliplesiwi menen, analizdegi tiykarģı itibar

kárxanalardıń finanslıq jaǵdayına qaratılmaqta hám bul tártipte ónimniń ózine túser bahasınıń analizi birgelikte alıp barılmaqta.

Joqarıdaǵı pikirlerden sol belgili boladı, búgingi kúnde islep shıǵarıw qárejetleriniń analizi ónimniń ózine túser bahasınıń analizi quramında júritilip atırǵan bolsa, dáwir qárejetleriniń analizleniwi xojalıq finanslıq nátiyjeleriniń analizi menen tıǵız baylanısta alıp barılmaqta hám usı quramda júritilmekte.

Dáwir qárejetleriniń ózgeriwine tásir etiwshi faktorlardı eki iri toparǵa ajıratqan halda, ózgeriwler: tuwrıdan-tuwrı hám tuwrıdan-tuwrı emes faktorlar tásir sheńberinde júz beredi. Tuwrıdan-tuwrı faktorlar tásir sheńberi tek ǵana dáwir qárejetleriniń jeke quramlı toparların qurawshı qárejet bántleriniń ózgeriwi nátiyjesinde júzege keledi.

3.2-keste

**Dáwir qárejetleriniń ózgeriwine tuwrıdan-tuwrı tásir etiwshi faktorlar**

| Anıqlawshı faktor | Tásir etiwshi faktorlar |
|---|---|
| Satıw qárejetleriniń ózgeriwi. | Qárejet bántleri |
| Administrativlik qárejetlerdiń ózgeriwi. | Qárejet bántleri |
| Operatsion qárejetlerdiń ózgeriwi. | Qárejet bántleri |
| Keleside salıq bazasınan shegiriliwshi qárejetlerdiń ózgeriwi. | Qárejet bántleri |

Dáwir qárejetleriniń ózgeriwine tuwrıdan-tuwrı emes tásir etiwshi faktorlardıń quramı tuwrıdan-tuwrı faktorlarǵa qarata keń kólemli bolıp, olardı irilestirilgen hám ulıwmalastırılǵan túrde tómendegi toparlarǵa ajıratıwımız múmkin.

Dáwir qárejetleriniń ózgeriwine tásir etiwshi faktorlardıń sheńberi qısqa bolǵanlıǵı sebepli de usı túr qárejet elementlerin analizlew metodikası ápiwayı áhmiyet payda etedi. Sonıń ishinde, dáwir qárejetlerin analizlew sisteması úsh túrli izertlew elementinen quralǵan bolıp, olar:

– gorizontal analiz – dáwir qárejetleriniń ótken dáwirlerge qarata esabat dáwirindegi ózgerisleriniń ańlatılıw metodı;
– vertikal analiz – ózgeriwdiń ulıwma kólemine qarata quramdaǵı hár bir qárejet bántleri hám toparlarınıń kórsetkishleri hám olardıń ózgeriwin

izertlew metodı;

– trendli analiz – bir neshe esabat dáwirleri dawamında dáwir qárejetleri dinamikası ózgerisiniń úyreniliwi.

**3.3-keste**

**Dáwir qárejetleriniń ózgeriwine tuwrıdan-tuwrı emes tásir etiwshi faktorlar**

| Tásir etiwshi faktorlar | Anıqlawshı faktor |
|---|---|
| Satıw qárejetlerin esapqa alıw metodınıń ózgeriwi;<br>Realizatsiya kólemine salıqlar hám ajıratpalar obektiniń keńeyiwi hám salıq stavkalarınıń ózgeriwi;<br>Tovar aylanısı muǵdarınıń ózgeriwi. | Satıw kóleminiń ózgeriwi nátiyjesinde |
| Satıw metodlarınıń ózgeriwi;<br>Kórsetilip atırǵan xızmet qárejetleriniń ózgeriwi;<br>İnflyatsion protsesstiń ózgeriwi;<br>Monopollıq hám t.b.lar | Baha ózgeriwi nátiyjesinde |
| Ulıwma mámleketlik normativleriniń ózgeriwi;<br>Ekonomikalıq tarmaq normativleriniń ózgeriwi;<br>Kárxana esap siyasatınıń ózgeriwi. | Normativler ózgeriwi nátiyjesinde |

Dáwir qárejetleri quramında esapqa alınıwshı hám realizatsiya kólemine baylanıslılıǵı jaǵınan ózgeriwsheń hám turaqlı qárejet bántleriniń durıs tártipleniwi hámde olardıń realizatsiya kóleminiń ózgeriwine muwapıq ózgerislerin belgilewge áhmiyet beriledi.

Dáwir qárejetlerin analizlew metodikasınıń izertleniwinde, aldın-ala dáwir qárejetlerine tásir etiwshi faktorlardıń toparlanıwı ańlatıldı. Tuwrıdan-tuwrı emes tásir xarakterine iye qárejetlerdiń tásir etiw quralları analizlendi. Ámeliy maǵlıwmatlardı analizlew nátiyjesinde dáwir qárejetleriniń realizatsiya kólemine korrelyatsion baylanıslılıǵı hámde onıń dárejesi keyingi jıllar dawamında ósip baratırǵanlıǵı ilimiy dálillep berildi. Bul baylanıslılıq dárejesiniń ósiwine, tiykarınan maqsetli jamǵarmalarǵa májbúriy ajıratpalar esabınıń dáwir qárejetlerinde esapqa alınıwı sebep bolıp atırǵanlıǵı anıqlandı.

Xojalıq finanslıq nátiyjeleri kóp faktorlar tásiri astında qáliplesip, onıń analizleniw protsesi quramalı ózgeshelik payda etedi. Finanslıq nátiyjelerdiń tiykarǵı kórsetkishleri sıpatında payda túrleri inabatqa alınǵan halda, olardıń

ózgeriwine sebep bolıp atırġan muġdarlar Nızamda keltirilgen tártiplestirilgen kórsetkishler izbe-izligine tiykarlanıp analizlenip barıladı.

Finanslıq nátiyjeler analizinde payda kórsetkishleriniń kólemi, olardıń analizlenip atırġan dáwir dawamında ózgeriw dinamikası hám kárxanalar paydasına tásir kórsetiwshi faktorları analizleniwi kerek.

Paydaġa tásir kórsetiwshi faktorlar ishki hám sırtqı, obektiv hám subektiv, shólkemlestiriwshilik hám ekonomikalıq, islep shıġarıw hám texnikalıq bolıwı múmkin. Finanslıq nátiyjeler analizinde tiykarġı itibar ekonomikalıq, analitikalıq faktorlarġa, finanslıq jaġdayġa tuwrıdan-tuwrı hám muġdarlı tásir kórsetiwshi faktorlarġa baġdarlanıwı kerek. Payda kóleminiń ózgeriwi – kóbeyiwi ónimlerdi kóp satıw, qárejetlerdi qısqartırıw nátiyjesinde ózine túser bahanı páseytiw, tastıyıqlanġan assortimentti ózgertiw hám bahanı kóteriw nátiyjesi bolıwı múmkin hám kerisinshe. Kárxana óz islep shıġarıw iskerligin jolġa qoyar eken, aldın-ala, dáramat hám qárejetlerdi durıs hámde maqsetli basqarıwġa áhmiyet beredi. Bunda analiz de óz tásirine iye. Sebebi, kárxana iskerligin tereń úyrenbesten, analiz etpey turıp, onıń unamlı nátiyjeliligin belgilep bolmaydı.

İskerliktiń nátiyjeli kórsetkishi bolġan paydaġa shıġıwda hár túrli kórsetkishler hár túrli tásir dárejesine iye bolıp, olardıń tiykarġı hám tuwrıdan-tuwrı xarakterdi payda etiwshileri sıpatında, joqarıda tilge alınġan dáramat hám qárejetlerdi biz tómendegishe toparlaġan halda, unamlı hám unamsız xarakterli faktorlarġa ajıratıwımız múmkin.

Bul sanap ótilgen faktorlar, yaġnıy ekonomikalıq kórsetkishlerdiń tártipli esap-kitapları tiykarında paydanıń Nızamda keltirilgen túrlerine shıġıladı. Finanslıq nátiyjelerdi analizlewde onıń barlıq formaların qamrap alġan halda tolıq hám salıstırmalı kórsetkishlerge baha beriw arqalı kárxananınıń qansha payda alġanlıġı yaki zıyan kórgenligi boyınsha tolıq maġlıwmatqa iye boladı.

**3.4-keste**

**Finanslıq nátiyjege tásir etiwshi kórsetkishler toparı**

| Kórsetkishler | | | |
|---|---|---|---|
| Unamlı tásir | | Unamsız tásir | |
| 1. | Ónim satıwdan túsken sap túsim | 1. | Ónimlerdi islep shıģarıwdıń ózine túser bahası |
| 2. | Tiykarģı iskerlikke tiyisli bazıbir túrdegi dáramatlar | 2. | Dáwir qárejetleri hám tiykarģı iskerlikke tiyisli basqa qárejetler |
| 3. | Finanslıq iskerlikten kórilgen dáramatlar | 3. | Finanslıq iskerlikten kórilgen zıyanlar |
| 4. | Kózde tutılmaģan tosınnanlı dáramatlar | 4. | Kózde tutılmaģan tosınnanlı zıyanlar |
| | Sap payda | | |

Dáwir qárejetlerin analizlew metodikasın jetilistiriw máselelerin izertlewde, finanslıq nátiyjelerdiń qáliplesiwindegi unamsız tásiri analizlendi. Marjinal dáramat kontseptsiyası tiykarında ónim satıwdan payda hám onı ózgeriwiniń analizli usılı sáwlelendirildi. Kárxana finanslıq turaqlılıģın ańlatıwshı áhmiyetli kórsetkishlerden – rentabellik kórsetkishiniń ámeldegi jaģdayı hám esaplaw jolları keń analizlendi. Ekonomist alımlardıń usı máseledegi pikirleri úyrenildi. Sonıń ishinde, ámelde rentabellik dárejesin esaplawda qárejetler óz aldına túrde esaplanıwı gúzetildi. Ónim islep shıģarıw protsesinde bolsa islep shıģarıw qárejetleri menen birge tiykarģı iskerlik penen baylanıslı dáwir qárejetleri de esapqa alınıwın inabatqa alıw orınlı boladı. Analizli nátiyjelerge tiykarınan, rentabellik kórsetkishiniń tolıq ózine túser bahaģa tiykarlanģan forması islep shıģıldı hám esaplaw metodı dálillep berildi. Bunda, ónim islep shıģarıwdıń haqıyqıy rentabelliginiń sáwleleniwi ilimiy dálillep berildi.

# JUWMAQLAW

Dáwir qárejetleriniń ekonomikalıq mazmunı, esabı, auditi hám analizi boyınsha ótkerilgen teoriyalıq, metodikalıq hám ámeliy izlaniwler sonı tastıyıqladı, dáwir qárejetleri esap hám audit obekti sıpatında júdá quramalı hámde kóp miynetli tekseriw tarawı bolıp esaplanıp, auditordan joqarı professional sheberlik hámde ámeliy tájiriybe talap etedi.

1. Óz aldına audit obekti sıpatında dáwir qárejetlerin auditorlıq tekseriwinen ótkeriwdiń normativ támiynatı hám shólkemlestiriwshilik-metodikalıq máselelerin izertlew nátiyjesinde:

- dáwir qárejetleri auditorlıq tekseriwiniń maqseti hám tekseriw protsesinde sheshiletuğın wazıypalar anıqlandı;
- bul obekt boyınsha esap hám esabattı tártipke salatuğın huqıqıy-normativ baza bir sistemaġa keltirildi;
- audit obekti sıpatında finanslıq nátiyjeler haqqındaġı esabat boyınsha áhmiyetlilik hám táwekelshilik dárejelerin anıqlaw zárúrligi dálillendi;
- dáwir qárejetleri auditiniń ulıwma jumıs rejesi hám tolıq tekseriw boyınsha jumıs dástúri usınıs sıpatında islep shıġıldı;
- audittiń jumıs dástúrin dúziwdiń áhmiyetli baġdarları hám auditorlıq dálillerin toplaw usılları usınıs etildi.

2. Dáwir qárejetleri jasalma túrde páseytirilmegenligi tekserilgennen soń, auditor kárxanada islengen dáwir qárejetleri esabatta tolıq sáwlelendirilgenligi haqqında isenim payda etiwi kerek.

Bunıń ushın tekseriwdi dáslepki hújjetlerden buxgalteriya esabı jazıwları hám esabatqa qaray ámelge asırıw usınıladı.

Dáwir qárejetlerin hújjetli tekseriw ushın algoritm islep shıġıldı hám auditorlıq ámeliyatında qollanılıwı usınıladı: dáslepki hújjetler menen salıstırıw (salıqqa tartıw waqtında esapqa alınatuğın dáramatlar esap-kitabınıń durıslıġın tekseriwdi de qosqan halda); dáramatlardıń ol yaki bul dáwirine durıs alıp barılġanlıġın tekseriw; tiykarġı iskerliktiń basqa dáramatların salıstırıp analizlew.

3. Ónim islep shıǵarıwdıń ózine túser bahasınıń qáliplesiwinde dáwir qárejetleriniń tutqan ornı bahalanıp, «Ónim (jumıslar, xızmetler)di islep shıǵarıw hám satıw qárejetleriniń quramı hám finanslıq nátiyjelerdi qáliplestiriw tártibi haqqında»ǵı Nızam tiykarında júritilip atırǵanlıǵı izertlenip, usı esap sisteması xojalıq júritiwshi subekt iskerliginen mápdar sırtqı paydalanıwshılar ushın áxmiyetliligi ashıp berildi. Bul sistema basqarıw ushın: baha siyasatın júritiw; ónim rentabelligin anıqlaw sıyaqlı máselelerde zárúr bolǵan maǵlıwmatlardı jetkerip beriwge tiykarlanbaǵanlıǵı analizlendi. Basqarıw nátiyjeliligin támiynlew hám bar buxgalteriya esabı qaǵıydaları tiykarında, xojalıqlardıń ishki esap sistemasın basqarıw talapları tiykarında shólkemlestiriw menen baylanıslı usınıslar berildi.

4. Realizatsiya kólemi hám dáwir qárejetleri ortasındaǵı baylanıslılıq korrelyatsion analizlendi. Analiz protsesi ámeliy statistikalıq maǵlıwmatlar tiykarında orınlanıp, korrelyatsiya koeffitsientiniń joqarı dárejede ekenligi anıqlandı. Dáwir qárejetleri quramında esabı júritilip atırǵan ayırım qárejet bántleriniń realizatsiya kólemine tuwrıdan-tuwrı baylanıslılıǵı hám turaqlı qárejetler sıpatında qabıl etilip atırǵan dáwir qárejetleriniń ózgeriwsheń xarakterge iye ekenligi ilimiy dálillendi.

5. «Finanslıq nátiyjeler haqqındaǵı esabat»ta maqsetli jamǵarmalar ushın májbúriy tólemler muǵdarınıń óz aldına qatarda ańlatılǵan forması islep shıǵıldı. Nátiyjede, satıwdan túsken sap túsim hám jalpı payda kórsetkishleriniń mazmunı jaǵınan haqıyqıy ańlatılıwı ashıp berildi. Dáwir qárejetleri muǵdarınıń ózgeriwsheń xarakterdegi qárejet bántleri esabına qısqarıwı ilimiy dálillendi.

6. Ámelde, kárxanalar tárepinen ámelge asırılǵan kópshilik sponsorlıq xarakterdegi qárejetler, xojalıqtıń salıqqa tartılıwshı bazasına tolıq qosıladı hám bul qárejetler boyınsha da salıq tólenedi. İzertlew obekti kárxanalarında kórsetilgen sponsorlıq qárejetleri tiykarınan mámleket byudjeti esabınan qarjılandırılatuǵın obektlerdi qurawı anıqlandı. Sotsiallıq-ekonomikalıq reformalar nátiyjeliligin támiynlew maqsetinde dáwir qárejetleri quramında

esabı júritilip atırġan sponsorlıq qárejetlerin salıqqa tartıwshı bazadan shegiriw usınıs etildi.

7. Dáwir qárejetleri quramında mal-múlk salıġı qárejetleri de esapqa alınıp barıladı hám mal-múlk salıġın tólew tártibi haqqındaġı İnstruktsiyaġa muwapıq 9430 – «Basqa operatsion qárejetler» schyotı quramında 103 júritiliwi belgilengen. FEXSları qaġıydalarına tiykarlanıp, bul salıq muġdarın mal-múlktiń islep shıġarıwġa baylanıslı bólimine sáykes úlesin «islep shıġarıw» schyotlarında, islep shıġarıwlıq emes iskerligi ushın xızmet etiwshi mal-múlk ushın salıq qárejetlerin dáwir qárejetlerinde esapqa alıp barıw usınıs etildi. Esabın shólkemlestiriw tártibi islep shıġıldı. Usıġan tiykarlanıp mal-múlk salıġı hám onı tólewge tiykar bolıp tabılatuġın İnstruktsiyaġa da tiyisli ózgertiwler kiritiw usınıs etildi.

Bul usınıs nátiyjesinde, buxgalteriya esabı sistemasınıń finanslıq esaptıń xalıq aralıq standartları qaġıydalarına beyimlesiwi támiynlenedi. İslep shıġarıw qárejetleri tiykarında anıqlanıwshı ózine túser baha haqqındaġı maġlıwmatlardıń anıqlıġına erisiledi. Basqarıw kóz-qarasınan islep shıġarılġan ónim bahasın anıqlaw kriteriyaları haqıqıy sáwlelendireledi. Sonday-aq, finanslıq nátiyjeler esabınan qaplanıwshı qárejetler tiyisli muġdarġa qısqaradı. Dáwir qárejetleri quramında tek islep shıġarıwlıq emes qárejetleri esabınıń júritiliwine xızmet etedi.

Usı esap metodın, mal-múlk qamsızlandırıwı menen baylanıslı qárejetler esabın shólkemlestiriw protsesslerine de en jaydırıw usınıs etiledi.

8. Ámelde qárejetler nátiyjeliligin esaplawda islep shıġarıw qárejetleri hám dáwir qárejetleri nátiyjeliliginiń kórsetkishleri óz aldına túrde esaplanadı. İslep shıġarılġan ónim nátiyjeliligin anıqlawda, bul ónimdi islep shıġarıw ushın yaġnıy tiykarġı iskerlik dawamlılıġın támiynlewde kárxananıń funktsional ómirliligi (dáwir qárejetleri) menen baylanıslı qárejetler de ámelge asırılıwın inabatqa alıw kerek. Keltirilgen pikirge tiykarlanıp, nátiyjelelikti esaplawdıń tolıq qárejetlerge tiykarlanġan forması islep shıġıldı. Bul kórsetkish ámeliy

maǵlıwmatlar tiykarında analizlenip, xojalıqlardıń haqıyqıy nátiyjeliligi dárejesi sáwlelendirip berildi hám qárejetler nátiyjeliligin tekseriwdegi ornı dálillendi.

## PAYDALANLÍG`AN ÁDEBIYATLAR DIZIMI

## HUQIQIY NORMATIVLIK HIÚJJETLER


1. Ózbekstan Respublikasi Konstitutsiyasi. – T.: “Ózbekstan”, 2017 j.
2. Ózbekstan Respublikasining Puqaraliq Kodeksi. “Adolat”, Tashkent, 2007.
3. Ózbekstan Respublikasi Saliq Kodeksi. Tashkent 2010 j.
4. Ózbekistan Respublikasi Prezidentiniń Ózbekistan Respublikasi`ni`ń «Buxgalteriya yesabi` haqqi`nda»ği` Ni`zami` 2016 ji`l 13-aprel №WRQ-404. Xalq sózi gazetasi, .№ 73(6508) 14-aprel.
5. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Магистратура тўғрисидаги Низомни тасдиқлаш ҳақида” қарори 2015 йил 2 март, 36-сон.
6. Ózbekistan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı «Xojalıq júritiwshi subektlerdiń qárejetlerin esapqa alıw hám finanslıq nátiyjelerin qáliplestiriw tártibin jetilistiriw haqqında» 2003-jıl 15-oktyabr, 444-san. Ózbekistan Respublikası Finanslıq nızamları-12, 7-15-b.

1. Ózbekistan Respublikası Ministrler Keńesiniń 1999-jıl 5-fevraldağı 54-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan «Ónimler (jumıs hám xızmetler) ózine túser bahasına kiritiletuğın ónimler (jumıs hám xızmetler) islep shıǵarıw hám satıw qárejetleriniń quramı hámde finanslıq nátiyjelerdi qáliplestiriw tártibi haqqında»ǵı Nızam. T.: Ózbekistan Respublikası Finanslıq nızamları aylıq basılım 1999.
2. Ózbekistan Respublikası Finans ministrliginiń 2002-jıl 27-dekabrdegi 140-sanlı buyrıǵı «Finanslıq esabat formaları hám olardı toltırıw boyınsha qaǵıydalardı tastıyıqlaw haqqında». Salıq hám bajıxana gazetası 2004-jıl 27-dekabr №52.
3. Ózbekistan Respublikası Finans ministrliginiń 2002-jıl 9-sentyabrdegi 103-sanlı «Ózbekistan Respublikası Buxgalteriya esabınıń milliy standartı (21-sanlı BEMS) «Xojalıq júritiwshi subektler finanslıq-xojalıq iskerliginiń buxgalteriya esabı Schetlar rejesi hám onı qollanıw boyınsha

İnstruktsiya»nı tastıyıqlaw haqqındaği Buyrığı (Ózbekistan Respublikası Ádillik ministrligi tárepinen 2002-jıl 23-oktyabrde 1181-sanı menen dizimge alınġan) (ózgerisler menen), Ózbekistan Respublikası Finanslıq nızamları, 11-13, 11-14, Tashkent-2004.

4. Ózbekistan Respublikası Prezidenti Sh.M. Mirziyoevtiń 2017-2021-jıllarġa mólsherlengen «Háreketler strategiyası», Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 7-fevraldaġı PF-4947-sanlı pármanı, «Xalq so`zi» gazetasınıń 2017-jıl 8- fevral 28 (6722)-sanı.

5. Ózbekistan Respublikasi`ni`ń Prezidentiniń 2017-jılda 22-dekabrdegi Oliy Majlis hám Senatqa qılġan **Múrááátnaması**, Qoraqalpoġiston Tongi» gazetasi, 1-yanvar 2018 yil №1-2 (1270-1271) soni.

6. Ózbekistan Respublikasi Sh.M. Mirziyoevtiń Qaraqalpaqstan respublikasi saylawshilari menen ushirasiwdaġi shiġip sóylegen sózi, Erkin Qaraqalpaqstan, 15-noyabr` 2016-jil, №138 (19912) san

7. Mámleketimiz Prezidenti tárepinen shıġarılġan «İsbilermenlik iskerligin jedel rawajlandırıwdı támiynlewge, jeke múlikti hám táreplemeqorġawġa hám isbilermenlik ortalıġın sapa jaġınan jaqsılawġa baylanıslı qosımsha ilajlar tuwrısında»ġı Pármanı, PF-4848-san 05.10.2016-jıl

8. Karimov Í.A., Ózbek xalqiga tinchlik va omonlik kerak, Toshkent: “Ózbeksiton” 2013

9. Karimov Í.A. «Tiykarġi waziypamiz – Watanamiz rawajlaniwi hám xalqimiz tanishliġin jáne de jetilistiriw». Xaliq sózi. 30.01.2010. 15 b

10. A.A.Karimov, Íslomov F.R., Avloqulov A. Buxgalteriya hisobi. – T.:“Sharq” NMAK, 2004. -592 b;

11. Расъяснение Международныч Стандартов Финансовой Отчетности. Комитет по междунаордным стандартам финансовой отчетности, 2002 й.

12. Сборник нормативно-правовых актив по бухгалтерскому учёту Республики Узбекистан 1-том, Издателский дом «Мир экономики и права» Ташкент-2005.

13. Vahobov A., İbragimov A, İshonqulov İ. Moliyaviy va boshqaruv tahlili. T.: “Sharq” NİAK, 2005 y., 480 b.

14. Abdukarimov İ.T. Moliyaviy hisobotni wqish va tahlil qilish yo`llari. –T.: “İqtisodiyot va huquq dunyosi”, 1999. -320 b.

15. İ.K. Ochilov, J.E. Qurbonboev. Moliyaviy hisob. Oqiw qollanba - T.: “İqtiso moliya”, 2007. 488 b.

16. R.D. Dusmuratov Auditorlik faoliyati: nazariya, uslubiyot va amaliyot. –T.: “Moliya” nashriyoti, 2007. -276 b.

17. M.Q. Pardaev İqtisodiy tahlil. –T.: “İqtisodiyot va huquq dunyosi” nashriyot uyi, 2001. -156 b.

18. A.A.Karimov, İslomov F.R., Avloqulov A. Buxgalteriya hisobi. –T.: “Sharq” NMAK, 2004. -592 b.

19. Sh. N. Fayziev, R. D. Dusmuratov, A. A. Karimov va boshq. Audit. –T.: “İqtisod moliya”, 2015. -420 b.

20. Shoġiyosov T.Sh. Kompleks iqtisodiy tahlil/ T.: «ÍQTÍSOD-MOLÍYA», 2009, 224 b.

21. İsmaylov Q. S., Sitmuratov T., Bayjanov S.X. Finanslıq esap. –N.: “Qaraqalpaqstan” baspası, 2010. -192 b.

22. Carles S. Warren, James M. Reeve, Philip E. Fess. Accounting 21e. –USA.: , 2005.

23. William F.Messier, JR., Steven M. Glover, Douglas F. Prawitt Auditing & Assurance : a systematic approach- USA.: “Thomson-South western”, 2005. Published by McGraw-Hill Education, 2 Penn Plaza, New York, NY 10121. 2017 by McGraw-Hill Education.

24. İonova A.F., Selezneva N.N. Finansovıy analiz. –M.: “Prospekt”, 2006.

25. Nidlz B., Anderson X., Kolduelll. Printsipı buxgalterskogo uchyota. –M.: “Finansı i statistika”, 2002.

26. Chuev Y.N., Chueva L.N. Kompleksnıy ekonomicheskiy anna-liz xozyaystvennoy deyatelnosti. –M.: “Dashkov i Ko”, 2006

27. Sheremet A.D., Negashev E.V. Metodika finansovogo ana-liza deyatelnosti kommercheskix organizatsiy. –M.: “İnfra-M”,2006.

28. Melnik M.V., Gerasimova E.B. Analiz finansovoy deyatelnosti predpriyatiya. –M.:“Farum”, 2007

29. Abdukarimov Í.T. Moliyaviy hisobotni wqish va tahlil qilish ywllari. –T.: “Íqtisodiyot va huquq dunyosi”, 1999. -320 b.

30. Artyomenko V.G. “Analiz finansovoy otchetnosti”. –M.: Omega-L. 2009.

31. V.Vahobov, A.T.Íbrohimov, N.F.Íshonqulov (“Finansliq hám basqariw analizi”. “Sharq” baspa aktsionerlik kompaniyasi Bas redaktsiyasi. –T.: 2005, 219-220-betler) sabaqliği

32. Voljin Í.O.Ergashboev V.V. “Finansliq analiz”. -T.: Ekonomika hám xuqiq du`ńyasi. 1998.

33. Íonova A.F., Selezneva A.A. “Finansoviy analiz”. -M.: Yuniti. 2009.

34. Íonova A.F., Selezneva N.N. Finansoviy analiz. –M.: “Prospekt”, 2006.

35. M.Q. Pardaev Íqtisodiy tahlil. –T.: “Íqtisodiyot va huquq dunyosi” nashriyot uyi, 2001. -156 b.

36. N.M.Lyubishin “Analiz finansovo-ekonomicheskoy deyatel`nosti predpriyatiya” (–M.: 2001, 111-113-betler)

37. Pardaev M.Q,.Ísroilov B.Í. “Ekonomikaliq analiz”. -T.: “Mexnat”, 2004

38. Savitskaya G.V. ” Analiz xozyaystvennoy deyatel`nosti predpriyatiya”. –M.Ínfra-M. 2009.

39. Strategicheskiy i konkurentniy analiz. Metodi i sredstva konkurentnogo analiza v biznese. –M.: “Binom”, 2005.

40. Xasanov N., Najbitdinov S. “Kárxananiń finansliq jağdayin bahalaw: mashqalalar hám olardi sheshiw”. -T.: Ekonomika hám xuqiq du`ńyasi. 1999.

41. Chuev Y.N., Chueva L.N. Kompleksniy ekonomicheskiy anna-liz xozyaystvennoy deyatel`nosti. –M.: “Dashkov i Ko”, 2006.

42. Sh. Xaydarov, X. Ortiqov Ózbekiston Respublikasi Buxgalteriya hisobining milliy standarti (21 son BHMS). –T.: “G`afur ġulom nomidagi – matbaa ijodiy uyi, 2007. -256 b

43. Sheremet A.D., Negashev E.V. Metodika finansovogo ana-liza deyatel`nosti kommercheskix organizatsiy. –M.: “Ínfra-M”,2006.

44. Shoġiyosov T.Sh. Kompleks iqtisodiy tahlil/ T.: «ÍQTÍSOD-MOLÍYA», 2009, 224 b.

45. Tajekeev Z., Reimnazarov N. // İjtimoiy – iqtisodiyot fakulteti professor-wqituvchilari, yosh olimlari, magistrantlari va talabalarining «Qoraqalpoġiston Respublikasi iqtisodiy rayonlarining ishlab chiqarish strukturasini optimallashtirish muamolari» mavzusidagi Respublika ilmiy – amaliy konferentsiyasi materiallari, 2017- j., 26-aprel, 153-155 bet.

46. Tajekeev Z., Reimnazarov N.// Magistrantlardiń ilimiy miynetleriniń toplami. -Nókis.: 2017. 112-115 bet

47. Tajekeev Z., Reimnazarov N.// Magistrantlardiń ilimiy miynetleriniń toplami. -Nókis.: 2018

48. Tajekeev Z., Reimnazarov N.. // ilimiy-ámeliy konferentsiya materiallari. -Nókis, 2018.

**Internet materiallari**

www.aicpa.org/index.htm -American Ínstitute of Certified Public Accountants

www.apb.org.uk - Auditing practices Board

www.arraydev.com/commerce/JÍBC/ - Ínternet banking hám kommertsiya jurnali

www.bizcom.ru/bank_business/index.html - virtual`noe izdatel`stvo razlichnix biznes publikatsiy.

www.buhgalt.ru – Jurnal «Buxgalterskiy uchet».

www.cer.uz – Íqtisodiy izlanishlar markazi

www. lex.uz

www.fmc.uz

www.norma.uz

## QOSÍMShALAR

**1-qosımsha**

**«Xalqabat paxta tazalaw» AJ «Fİnanslıq nátiyjeler haqqındaġı» esabattıń 9410,9420,9430 schyotlarınıń jayılımı**

1-keste.

| № | Shıġınlar stat`yalardıń ataması | 2016-jıl | 2017-jıl |
|---|---|---|---|
| **A)** | **Ónimdi realizatsiyalawġa ketken shıġınlar (9410)** | **150163** | **227460** |
| 9. | İs haqı | 46671 | 62729 |
| 10. | BBST 25% | 11668 | 15682 |
| 11. | Tara ushın shıġınlar | 211 | 580 |
| 12. | Qurılmalar ushın aġımdaġı shıġınlar h.b. | - | 6188 |
| 13. | Jumısshılar med kórigi ushın tólem | - | 5370 |
| 14. | Tiykarġı qurallardıń eskiriwi esaplanıwı | 32502 | 34895 |
| 15. | Gaz, janar may hám elektr energiya ushın tólem | 3505 | 17870 |
| 16. | Ónimdi sertifikatsiyalaw hám satıw boyınsha shıġınlar | 55606 | 84146 |
| **B)** | **Administrativlik shıġınlar (9420)** | **582918** | **657309** |
| 1. | İs haqı | 341146 | 190816 |
| 2. | BBST 25% | 85287 | 47704 |
| 3. | Jumısshılardı hám mu`liklerdi májbu`riy qamsızlandırıw | 30345 | 16742 |
| 4. | Sapar qárejetleri | 17809 | 20667 |
| 5. | Xızmet avtotransportların uslap turıw hám jallaw shıġınları | 1600 | 14400 |
| 6. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın materiallar | 37089 | 134583 |
| 7. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın ishimlik suwı | - | 8504 |
| 8. | Hújjetlerdi arxivte qayta islew | 2200 | - |
| 9. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri keńse buyımaları | - | 23000 |
| 10. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri ushın janar may shıġınları | 11749 | 29806 |
| 11. | Admininstratsiya ushın xojalıq mu`tájlikleri dáwirlik baslımlarġa | 10042 | 1820 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | jazılıw | | |
| 12. | Admininstratsiya ushın xojalıq ushın tábiyġıy gaz | - | 12490 |
| 13. | Gazetaġa daġaza beriw | 500 | 600 |
| 14. | Pochta xızmeti ushın shıġınlar | - | 1390 |
| 15. | Orgtexnika ońlanıwı ushın shıġınlar | 2000 | 5200 |
| 16. | ATS tólemi | 10077 | 9479 |
| 17. | Mobil baylanıs ushın tólem | - | 11700 |
| 18. | Kompter ijarası ushın tólem | - | 55746 |
| 19. | TQlardı ońlaw | 6700 | 39313 |
| 20. | TQ hám MEA ushın amortizatsiya qárejetleri | 26374 | 33349 |
| S) | **Operatsion qárejetler (9430)** | **6760369** | **7402047** |
| 1. | Qánigelerde qayta tayarlaw shıġınları | 21254 | **5030** |
| 2. | Densawlıqtı saqlaw ob`ektlerin saqlaw | 9976 | 91065 |
| 3. | Konservatsiya qılınġan obektlerdi saqlaw | 27968 | 16438 |
| 4. | Bank xızmeti ushın tólemler | 802203 | 454845 |
| 5. | Mu`lik salıġı | 118115 | 114932 |
| 6. | Suw resurslarınan paydalanġanlıq ushın salıq | 217 | 327 |
| 7. | Jer salıġı | 460558 | 463576 |
| 8. | PF 1,6% | 791544 | 1208430 |
| 9. | DF 1,4% | 692601 | 1057377 |
| 10. | ShF 0,5% | 247357 | 377635 |
| 11. | Salıq esaplanġan shekemgi | - | 1913225 |
| 12. | Basqa da járiyma hám peniyalar | 361476 | 517546 |
| 13. | Sud boyınsha shıġınlar (departament) | 483081 | 125055 |
| 14. | Basqa da shıġınlar | - | 667990 |
| 15. | Auditorlıq xızmet ushın tólem | 14000 | 21600 |
| 16. | Óndirislik bolmaġan bólimnen kórilgen zıyan | 2437800 | - |
| 17. | 15 stat`ya boyınsha shıġınlar | 58992 | 54970 |
| 18. | Shólkemlerge hám puxarlarġa járdem kórsetiw | 27000 | - |
| 19. | Xoshametlewler | 2706 | - |
| 20. | Premiya hám ústemelerdiń BBSTge esaplanıwı | - | 114768 |
| 21. | Sawġalar | 26280 | 63260 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 22. | Jumısshılardıń awqatlanıw hám hár tu`rli márásimlerin qaplaw | - | 23313 |
| 23. | 2 jasqa shekemgi balalarġa ku`tim ushın posobiya tólemi | 20696 | 22889 |
| 24. | Kárxananı qayta shólkemlestriw boyınsha tólemler | 111963 | - |
| 25. | Jumısshılarġa materiallıq járdem 25% BBSTge tartılmaytuġın | - | 5691 |
| 26. | Jumısshılarġa materiallıq járdem 25% BBSTge tartılatuġın | 9536 | - |
| 27. | Shembilik | 500 | 19366 |
| 28. | Kesellik betleri hám basqalar | 34546 | 62719 |
| | **Jámi:** | **5055650** | **8286816** |